

**NGUNDHAKAKE KAWASISAN NULIS NASKAH DRAMA
KANTHI METODHE DHISKUSI LUMANTAR RUBRIK CERITA CEKAK SAKA MAJALAH
PANJEBAR SEMANGAT TAHUN 2015 TUMRAP SISWA KELAS VIII F
SMP NEGERI 1 GONDANG TULUNGAGUNG**

Supanji, Prof. Dr. Udjang Pairin M. Basir, M.Pd

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

kangpanji15@gmail.com

ABSTRAK

Naskah drama minangka salah sawijining karya sastra saka jinis karya fiksi kang tujuwane kanggo medharake pamawas lan pangrasa adhedhasar prastawa tartamtu. Pamulangan nulis naskah drama nduweni kalungguhan kang penting sajrone kurikulum pendhidhikan tingkat SMP. Sajrone pamulangan nulis naskah drama guru kudu bisa weneh tuladha kanthi apik lan bisa narik kawigatene siswa supaya bisa ditampa lan diremeni dening siswa.

Asil *observasi* kang katindakake ing 10 Agustus 2015 cacahe ana 18 siswa saka 27 siswa kang ngrasa kangelan sajrone pamulangan nulis naskah drama. Bab iki jalaran siswa durung ngerti tata cara nggawe naskah drama, bingung nemtokake tema, garis besar naskah drama, lan crita naskah drama. Bab kasebut njalarini siswa kangelan sajrone nulis naskah drama, ditambah maneh kurange sumber pasinaon kang bisa dienggo arahan nulis naskah drama kanthi basa Jawa. Underane panliten ing panliten iki yaiku: (1) Kepriye undhak-undhakane katrampilan guru kelas VIII F SMPN 1 Gondang anggone nulis naskah drama lumantar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat?; (2) Kepriye undhak-undhakane aktivitas siswa kelas VIII F SMPN 1 Gondang anggone nulis naskah drama lumantar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat?; (3) Kepriye undhak-undhakane katrampilan nulis naskah drama siswa kelas VIII F SMPN 1 Gondang lumantar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat?

Ancas panliten iki, yaiku kanggo ngandharake undhak-undhakane kawasisan nulis naskah drama siswa kelas VIII F SMPN 1 Gondang lumantar rubrik Cerkak ing Majalah Penjebar Semangat. Mligi tujuwan panliten iki, yaiku (1) ngandharake undhak-undhakane katrampilan guru sajrone pamulangan nulis naskah drama lumantar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat, (2) ngandharake undhak-undhakane aktivitas siswa sajrone pamulangan nulis naskah drama lumantar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat, lan (3) ngandharake undhak-undhakane asil pasinaon nulis naskah drama lumantar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat.

Panliten iki katindakake ing rong siklus. Siklus I minangka pangetrapan pamulangan nulis naskah drama lumantar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat. Siklus II minangka tindakan *revisi* saka kurange siklus I adhedhasar asil pengamatan lan *observasi*. Saben siklus kaperang saka patang tahap, yaiku (1) perencanaan tindakan, (2) tindakan/*implementasi*, (3) *observasi*, lan (4) *refleksi* tumrap kagiyatan pamulangan.

Asil observasi lan tes sajrone pasinaon siswa kelas VIII F SMPN 1 Gondang ing siklus I menyang siklus II ngalami undhak-undhakane kang signifikan. Asil *observasi* katrampilan guru ing siklus I ngasilake skor 22 kategori cukup mundhak ing siklus II oleh skor 36 kanthi kanthi kategori apik banget. Aktivitas siswa ana undhak-undhakane, saka rata-rata aktivitas siswa 13,4 kanthi kategori cukup Sajrone siklus I, mundhak dadi 22 ing siklus II kanthi kategori apik. Katrampilan siswa nulis naskah drama mundhak, ing prasiklus ketuntasan pasinaon ngancik angka 33% biji rata-rata 59,1 , ing siklus I dadi 51,9%, kanthi biji rata-rata 66,5, lan prosentase ketuntasan sajrone siklus II yaiku 81,5% kanthi biji rata-rata 80,1.

Dudutan pamulangan nulis naskah drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung ngalami undhak-undhakane, saka siklus I menyang siklus II lan bisa diarani kasil amarga *indikator* sajrone pamulangan wis kasil kagayuh.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Adhedhasar patang ketrampilan basa, ketrampilan nulis dianggep minangka ketrampilan kang paling gampang dibandhingake ketrampilan nyemak, maca, lan micara. Darmadi (1996:1) ngandharake menawa ketrampilan nulis minangka ketrampilan kang kompleks. Andharan kasebut uga sarujuk karo andharane Kartono (2009:17) kang ngandharake menawa nulis minangka sawijining kagiyatan kang

kompleks lan ora mung nyusun ukara. Ateges ketrampilan nulis ora mung ngguratake ukara lan ngandharake marang khalayak. Nulis minangka sawijining proses nguntabake pamikiran lan ngandharake pamikiran kasebut. Jletrehan kasebut nerangake menawa sajrone kagiyatan nulis dibtuhake ketrampilan kang luwh saka kegiatan maca, nyemak, lan micara.

Nalika ketrampilan nyemak, maca, lan wicara wis lumaku apik, ketrampilan nulis kanthi langsung uga bakal bisa lumaku kanthi becik. Kanyatane ora kaya

mangkono, ing saperangan materi pamulangan basa, ketrampilan nulis ginolong salah sawijine ketrampilan kang dirasa angel dening para siswa. Kahanan kuwi bisa dimangerteni saka respon siswa lan asil pasinaone siswa ing materi kang mentingake ketrampilan nulis.

Sajrone praktek ketrampilan nulis uga kerep tinemu maneka pepalang, kahanan kasebut ora liya amarga siswa ngrasa ora bisa ngetokake gagasan kang dadi punjering pamikiran kanggo ngembangake tulisan. Perkara kangelan ing babagan ketrampilan nulis kasebut salah sawijine tinemu sajrone materi nulis naskah drama. Siswa krasa kangelan nalika guru ngutus gawe naskah drama kang momot *unsur intrinsik* lan *ekstrinsik* drama. Siswa ora duwe gambaran ngenani babagan apa kang bakal dicaritakake ing naskah drama garapane.

Gegayutan karo perkara kasebut, ing pawulangan ketrampilan nulis kudu luwih ditengenake. Ketrampilan nulis mujudake ketrampilan kang ora kanthi langsung lan *otomatis* bisa, nanging kudu lewat sarana latihan lan *praktik* kang teratur lan terus. Prelu anane sawijining pamulangan kang bisa munjerake kawigatene siswa marang ketrampilan nulis saengga siswa bisa ngrembakake kreatifitas lan pamikire ing tulisan.

Adhedhasar Kompetensi Dasar ing mata pelajaran basa Jawa tingkat SMP kelas VIII semester I, pamulangan nulis naskah drama minangka salah sawijining jinis ketrampilan nulis kang kudu ditindakake. Sarana nulis naskah drama kasebut siswa bakal oleh pengalaman ngripta karya sastra. Ing karya sastra drama, manungsa bisa ndeleng gegambaran urip manungsa iku dhewe kang kaperang saka gegambaran seneng, lelara, lan pait getire urip. Sejatiné materi pamulangan, nulis naskah drama ing tingkat SMP kelas VIII kagolong ketrampilan kang nyenengake, nanging nganti saiki siswa isih ngrasa kaku sajrone nulis naskah drama. Rasa kaku sajrone ngripta naskah drama kasebut jalaran siswa mung gumathok karo aturan lan konsep-konsep cara ngripta naskah drama konvensional. Rasa kaku kasebut nyababake kurang wasis ketrampilan lan kabisan para siswa. Pepalang kang utama ing pamulanagn ketrampilan nulis naskah drama, yaiku nalika siswa didhawuhi nulis naskah drama saka saperangan pengalaman manunsa, siswa kerep bingung lan males. Kahanan kuwi disababake siswa ngrasa angel nalika dituntut nemtokake tema pengalaman apa kang kudu dipilih, banjur kangelan nalika ngembangake imajinasine amarga kurang anane media kang bisa didadekake arahan kanggo nulis naskah drama. Pungkasane motivasi sirna sarta garapan kang kurang maksimal njalari siswa ora bisa nggayuh kompetensi minimal kang diwajibake. Waluyo (2001:1) ngandharake menawa ing sekolah, naskah drama kuwi paling ora disenengi dening siswa. Adhedhasar andharan kasebut prelu anane owah-owahan tumrap pamulangan nulis naskah drama supaya siswa bisa luwih seneng lan kreatif.

Sajrone pamulangan drama, guru isih kaku anggone mulangake drama. saperangan guru isih

migunakake tata cara lan teknik pamulangan lawas kang monoton. Para siswa mung diutus njingglensi tuladha naskah drama, banjur saka naskah kasebut siswa diutus bermain peran. Menawa siswa wis bisa meranake peran, banjur siswa diutus nggawe naskah drama kanthi tema tartamu. Pamulangan kang kaya mangkono pancen gampang tumrap guru, nanging bakal nuwuhake rasa waleh tumrap siswa. Mula saka kuwi guru uga dituntut bisa luwih kreatif supaya siswa ora bingung lan males nalika diutus nggawe sawijining naskah drama.

Cara kanggo gawe seneng lan ngulinakake siswa bisa nulis naskah drama kanthi lancar, dibutuhake bab kang dadi panjurung pamulangan nulis naskah drama supaya bisa narik kawigatene siswa. Media pamulangan minangka salah sawijining bab kang kudu digatekake supaya siswa bisa oleh motivasi kang luwih. Bab kasebut uga supaya siswa seneng pamulangan nulis naskah drama.

Adhedhasar asil survei tumrap pamulangan nulis naskah drama ing kelas VIII nuduhake menawa siswa kang bijine nggayuh wates KKM cacahe mung 8 siswa (25%) saka 27 siswa. Kahanan iki nuduhake menawa sajrone proses lan asil, pamulangan nulis naskah drama ing kelas VIII F SMP Negeri 1 Gondang Tulungagung durung kasil.

Adhedhasar lelandhesan ing ndhuwur, panaliti bakal naliti kepriye pangaribawa pangetrapan pamulangan nganggo sumber pamulangan *Cerita Cekak* ing majalah Panjebar Semangat tumrap pamulangan nulis naskah drama ing kelas VIII. Banjur ngerten bedane kang tuwuhsajrone pamulangan nulis naskah drama kanthi sumber pamulangan *Cerita Cekak* ing kelas VIII F SMP Negeri 1 Gondhang Tulungagung.

Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten ing ndhuwur, kang dadi underane panliten, yaiku:

- (1) Kepriye aktivitas guru sajroning pasinaon Ngundhakake Kawasiswa Nulis Naskah Drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung?
- (2) Kepriye aktivitas siswa sajroning pasinaon Ngundhakake Kawasiswa Nulis Naskah Drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung?
- (3) Kepriye undhak-undhakane asil pasinaon Ngundhakake Kawasiswa Nulis Naskah Drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung?

Pamecahe Perkara

Salah sawijining sumber belajar kang dipilih kango ngundhakake ketrampilan nulis naskah drama, yaiku lumantar rubrik Cerita Cekak ing majalah

Penjebar Semangat. Medhia iki dikarepake bisa nggampangake siswa sajrone pamulangan nulis naskah drama. Rubrik Cerita Cekak minangka salah sawijining perangan karya sastra tulisan awujud cerita kang fiksi, nduweni titikan minangka crita kang lagi *trend* ing bebrayan. Sajrone crita ing rubrik Cerita Cekak ana maneka tindakan solah bawane paraga kang nuduhake anane nilai-nilai sajrone bebrayan.

Saliyane kuwi *rubrik Cerita Cekak* dipilih minangka sumber ajar pamulangan nulis naskah drama amarga sajrone naskah *rubrik Cerita Cekak* nggambareke tema crita kang bisa nggampangake siswa nulis naskah drama. sajrone naskah rubrik Cerita Cekak uga ana konflik kang bakal nggambareke anane idhe sajrone kagiyanan nulis naskah drama. bab iki bakal nggampangake siswa sajrone gawe naskah drama. Rubrik Cerita Cekak uga momot maneka werna paraga ing alur critane. mula saka kuwi, medhia iki cocok dienggo alat bantu sajrone pamulangan nulis naskah drama.

Djamarah (2002:138) uga ngandharake menawa sumber belajar nduweni fungsi nggampangake dalam tumuju tujuwan pamulangan. Bab iki dilandhesi kanthi keyakinan menawa proses pamulangan kang migunakake medhia bakal ningkatake kualitas kagiyanan pasinaon siswa ing wektu kang lumayan suwe. Ateges kagiyanan pasinaon luwih gampang nalika migunakake medhia, saengga ngasilake proses lan asil kang luwih apik dibandhingake pasinaon tanpa nggunakake medhia. Saka penganggone medhia uga bisa ngundhakake asil pasinaon para siswa. Dadi yen sajrone piwulangan nulis naskah drama nggunakake medhia pasinaon mula bisa ngundhakake asil pasinaon siswa jalaran pasinaon sing ditindakake ora asipat monoton.

Tujuwane Panliten

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur, banjur bisa dingerten tujuwane panliten, kaya ing ngisor iki.

- (1) Ngandharake undhak-undhakane aktivitas guru sajroning pasinaon Kawasiswa Nulis Naskah Drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung.
- (2) Ngandharake undhak-undhakane aktivitas siswa sajroning pasinaon Ngundhakake Kawasiswa Nulis Naskah Drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung.
- (3) Ngandharake undhak-undhakane asil pasinaon Kawasiswa Nulis Naskah Drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung.

Paedahe Panliten

- (1) Kanggo lembaga/sekolah.

Asil panliten iki dikarepake bisa dadi bahan tetimbangan sajrone ngrembakake kurikulum sekolah. Kanggo ningkatake kuwalitas pamulangan ing sekolah mligine ing SMP Negeri 1 Gondang Tulungagung.

- (2) Kanggo guru.

Asil panliten iki, dikarepake bisa weneh paedah tumrap guru mligine bisa weneh seserepan kanggo guru basa Jawa ngenani salah sawijining teknik pamulangan ing basa Jawa kang salaras karo wewategan cara pamulangan murid lan konsep-konsep ketampilan basa Jawa.

- (3) Kanggo siswa.

Lumantar panliten iki dikarepake bisa ningkatake prestasi ing babagan pamulangan basa Jawa, mligine ing katrampilan nulis naskah drama. Saliyane kuwi kanthi pangetrapan media *Cerita Cekak* sajrone majalah Panjebar Semangat bisa agawe siswa ngerteni pamulangan basa Jawa kanthi cara kang gampang lan nyenengake.

Wewatesane Tetembungan

Supaya ora kliru anggone mangerten tetembungan ing panliten iki, mula prelu diandharake wewatesane tetembungan. Wewatesan tetembungan ing panliten iki, yaiku:

- (1) Drama minangka campuran maneka syair lan prosa saka bebasaning urip kang dipentasake (KBBI, 2003:275). Drama, yaiku sawijining *genre* sastra kang wujud *fisik-e* nampilake dhialog utawa pacelathon ing anatarane para paraga (Budianta (2002:VIII5) sajrone Wanpisata (2013:6)
- (2) Naskah drama, yaiku naskah arupa dhialog-dhialog kang isine ngandharake alur (garis lumakune crita). Naskah drama, yaiku salah sawijining karya sastra kang ditulis kanthi dhialog adhedhasar konflik batin kang bakal dipentasake (Luxemburg, 1984:23).
- (3) Sumber Belajar, yaiku sekabehane sumber arupa dhata, pawongan, lan wujud tartamtu kang bisa dinggo dening siswa sajrone pasinaon, saengga bisa nggampangake siswa tumuju ing tujuwan pasinaone Sudjarwo (1989:141).
- (4) *Rubrik Cerita Cekak*, yaiku salah sawijining wujud sastra lisan arupa prosa cekak kang ana ing majalah Panjebar Semangat. Cerita sajrone jinis prosa iki kagolong crita kang momot lan nyeritakake ngenani uripe manungsa Jawa kang kagambarake kanthi maneka gegambaran.
- (5) Ketrampilan nulis, yaiku salah sawijining ketrampilan basa kang nuntut kabisan ngandharake pamikiran, gagasan, lan idhe ing sawijining tulisan. Tulisan kasebut nuntut anane pengalaman, wektu, latihan, kesempatan, ketrampilan, lan pamulangan langsung (Tarigan, 2006:8).
- (6) Dhiskusi, yaiku sawijining patemon wong loro utawa luwih sing tukar kawruh lan panemu kang biasane ngasilake keputusan bebarengan. Dewa Ketut Sukardi (2008:220).

Wewatesane Panliten

Panliten ing panliten iki bakal weneh watesan supaya panliten iki luwih mligi. Wewatesane panliten, yaiku:

- (1) Panliten iki mung ngandharake pangetrapan pamulangan Kawasiswa Nulis Naskah Drama Kanthi Metodhe Diskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung.
- (2) Subjek panliten sajrone panliten iki, yaiku siswa kelas VIII F SMP Negeri 1 Gondang Tulungagung.
- (3) Objek panliten sajrone panliten iki, yaiku ketrampilan nulis naskah drama lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015.

TITINGAN KAPUSTAKAN

Panliten kang Saemper

Panaliten ngenani ketrampilan nulis drama wis asring ditindakake dening dosen lan utawa para mahasiswa. Akeh masalah sing nyebabake endheke kompetensi siswa sajrone nyinaoni drama ing babagan panulisane. Ing antarane kaya masalah sing njalari panliten iki, yaiku endheke minat lan motivasi siswa kanggo sinau lan ewuh nggawe naskah drama kang apik. Panliten-panliten saemper kang sadurunge tau ditindakake ing antarane, yaiku:

- (1) Rini Winingsih (2011) *Peningkatan Keterampilan Menulis Naskah Drama dengan Media Boneka (Stick Wayang Orang) pada Siswa Kelas VIII B SMPN 2 Sentolo*. Sajrone panliten iku ngandharake menawa sajrone praktik pamulangan nulis naskah drama katon monoton tanpa anane variasi strategi ing kelas. Kurang anane motivasi saka siswa sarta ora anane modhel pamulangan kang bisa didadekake conto, kurange kapenginan siswa kanggo nulis naskah drama lan kurange kawruh ngenani tata cara nulis drama nuwuhaake anggepan menawa nulis naskah drama iku angel tumrape siswa.
- (2) Yudelin Novelan (2013) kanthi irah-irahan *Penerapan Media Lagu untuk Meningkatkan Pembelajaran Menulis Naskah Drama (Penelitian Kelas terhadap Siswa Kelas XI SMA Negeri 5 Cimahi Tahun Ajaran 2012/2013)*. Sajrone panliten iku uga ngandharake kurange minat siswa sajrone pamulangan nulis naskah drama. Pamulangan kang monoton uga dadi panyebab utama kurange minat siswa kasebut. Adhedhasar asil panliten kasebut dingerten menawa siswa ngrasa kangelan kanggo nemokake pamikiran (ide) sarta ngembangake ing wujud dhialog, nuwuhaake konflik, nulis naskah kang bener, lan nggunakake basa Jawa kang apik.
- (3) Rosadi (2014) kanthi irah-irahan *Penggunaan Naskah Cerita Rakyat Bali untuk Meningkatkan Kemampuan Menulis Naskah Drama Pada Siswa Kelas XI Bahasa SMA Negeri 1 Mendoyo*. Sajrone panliten iku diandharake ngenani kurange minat lan kabisan siswa sajrone pamulangan nulis

naskah drama. Alasan bisa kurange minat siswa lan kabisane siswa kasebut amarga pasinaonan sajrone pamulangan drama isih monoton. Saka panliten iku didudut yen para siswa sing akeh kliru lan kurang pener anggone nulis naskah drama, yaiku ing babagan nyusun alur, nemtokake paraga lan watege, sarta nggawe dhialog kang apik tat basane.

Pambeda antarane panliten-panliten saemper karo panliten kang bakal ditindakake iki yaiku ing sumber pamulangan sing bakal digunakake sajrone piwulangan lan objek panliten. Objek panliten ing panliten iki, yaiku siswa kelas VIII F SMP Negeri 1 Gondang. Medhia pasinaon kang bakal diundhakake sajrone panliten iki, yaiku rubrik *Cerita Cekak* ing majalah Panjebar Semangat. Saka penganggone medhia pasinaon kasebut dikarepake bisa ngundhakake kawasisane siswa sajrone nulis naskah drama. Medhia kasebut arupa rubrik *Cerita Cekak* ing majalah Panjebar Semangat sing sajrone penganggone siswa bakal diajak nintingi rubrik *Cerita Cekak* ing majalah Panjebar Semangat. Sajrone pamulangan ing panliten iki siswa bakal diperang dadi pirang-pirang klompok.

Katrampilan Nulis

Aktivitas nulis mujudake sawijine wujud manifestasi kawasiswa lan katrampilan basa paling pungkasani dikuwasani dening siswa sawise katrampilan ngrungokake, micara, lan maca. Dibandingake telung wujud basa kasebut nulis luwih angel dikuwasani. Iki jalaran kawasiswa nulis mbuthuhake kawasiswa maneka warna unsur basa lan unsur-unsur sajabane basa iku dhewe sing bakal dadi isi karangan (Nurgiyantoro, 2001:296). Nulis yaiku nurunake utawa nggamarake lambang-lambang grafik sing nggamarake sawijine basa sing dipahami dening sawijine pawongan saengga pawongan liyane bisa maca langsung lambang-lambang grafik kasebut yen padha wis mahami basa lan gambar grafike (Lado sajrone Basir, 2010). Nulis miturut Rusyana (1988:191) mujudake kompetensi sing nggunakake pola-pola basa kanthi cara nulis kanggo ngandharake sawijine gagasan utawa pesen. Tarigan ngandharake yen nulis mujudake proses nggamarake sawijine basa saengga pesen sing diwenehake panulis bisa dipahami dening pamaca (Tarigan, 2008:21).

Panemu kang beda diandharake dening Tatkala (sajrone Basir, 2010:29) kang ngandharake yen nulis yaiku sawijine proses nyusun, nyathet, lan komunikasi makna sajrone tataran ganda asipat interaktif lan diarahake kanggo nggayuh tujuwan tartamtu kanthi nggunakake sawijine sistem tandha konvensional sing bisa dideleg lan diwaca. Basir (2010:29) ngandharake nulis yaiku sawijine proses ngolah lan nyuntak gagasan kanthi runtut, logis, lan nduweni makna saengga bisa menehi pamahaman imajinatif para pamaca kanthi maksimal. Gagasan sing awujud abstraksi ide lan pikiran kasebut sing dielaborasi lan diakumulasi adhedhasar tata grafis lan tata gramatika sajrone medhia basa tulis, saengga narik kawigaten, nduweni nilai, lan komunikatif. Nulis dudu mung ngopi lan nyalin basa, kaya plagiat utawa pelukis,

nanging sajrone ngandhut unsur pemahaman, panguwasaan (trampil) basa sasaran sarta aspek representasine (Lado sajrone Basir, 2010:29).

Nulis uga mujudake sakabehane rerakitan kegiyatan pawongan sajrone tindakan medharake gagasan utawa panemu lan nyampekake lumantar basa tulis marang pawongan liya supaya luwih gampang dimangerteni (Nurudin, 2007:4). Mula saka iku, sajrone basa pawongan kudu nguwasani lambanglambang uni. Kegiatan nulis uga ngudokake pawongan kanggo nguwasani lambang utawa simbol visual utawa aturan tata tulis mligine sing ngutamakake masalah ejaan (Nurgiyantoro, 2001:296).

Kemampuan nulis asring diidhentifikasi sekake minangka pratandha kapinterane pawongan. Bab iki diwiwiti saka sawijine analogi sithike penulis dibandhingake karo jumlah pamaca. Nulis dudu penggaweyan gampang jalaran panulis kudu nduweni kawasaki, pengalaman, bakat, wawasan lan kawruh, sarta alur penalaran kang becik. Nulis yaiku proses medharake gagasan saka basa kanthi gaya lan cara tartamtu (D'Angelo sajrone Basir, 2010:29). Kanggo nggayuh tataran sing kaya mangkono dibutuhake latihan, niyat, lan pangalaman sing nduweni nilai akademik formal lan konsultatif. Kagiyanan nulis akeh menehi nilai lan piguna kanggo dhiri pribadhi utawa pehak liya sing nduweni kepentingan karo tulisan kita, kayata:

- (1) Njembarake wawasan lan kawruhe panulis;
- (2) Ngundhakake katrampilan olah nalar lan olah pikir;
- (3) Nglatih katrampilan medhar lan nyusun gagasan kanthi runtut lan sistematis;
- (4) Nggampangake mangerteni makna saka gagasane dhewe;
- (5) Nggampangake kanggo ngudhari sawernaning prekara;
- (6) Nglatih siswa supaya bisa luwih aktif;
- (7) Ngulinakake supaya bisa nggunakake basa kanthi runtur (Akhadiah, 1998:11).

Sajrone tulisan mesthi ngandhut maksud lan tujuwan tartamtu saka panulise. Paling ora dumadine kesan lan tanggapan minangka sawijine respon balik (umpan balik) saka pamaca gegayutan karo isine tulisan. Adhedhasar sipate tulisan, ana saperangan klasifikasi sing mbedakake siji lan liyane, yaiku tulisan (1) *informative discourse*, asipat menehi katrangan; (2) *persuasive discourse*, asipat himbauan utawa nyakinake; (3) *literary discourse*, asipat nglipur utawa nyenengake; (4) *expressive discourse*, asipat panguda rasa utawa ekspresi jiwa (D'Angelo sajrone Basir, 2010:30). Hugo Hartig (sajrone Basir, 2010:30) njelasake yen tujuwan nulis iku maneka warna.

Adhedhasar isine, nulis nduweni pitung (7) tujuwan, yaiku:

- (1) *Assigment purpose*, yaiku wujud tulisan sing digawe amarga tugas.
- (2) *Altruistice purpose*, wujud tulisan sing nduweni tujuwan nyenengake pamaca, pengin nulung lan weneh panglipur marang pamaca supaya bisa

nduweni mental sing kuwat utawa kanggo tujuwan nelukake.

- (3) *Persuasive Purpose*, wujud tulisan sing nduweni tujuwan kanggo nyakinake tumrap pamaca marang gagasan tulisan sing diwenehake.
- (4) *Informational purpose*, wujud tulisan sing nduweni tujuwan menehi informasi, pawarta, utawa katrangan tartamtu marang pamaca.
- (5) *Self-expressive purpose*, yaiku wujud tulisan sing nduweni tujuwan ngenalake dhiri pribadhine panulis marang pamaca.
- (6) *Creative purpose*, yaiku jinis tulisan sing isine gegayutan karo tujuwan *pernyataan diri*.
- (7) *Problem-solving purpose*, yaiku jinis tulisan sing nduweni tujuwan menehi jawaban saka sawijine masalah.

Piwulangan Sastra ing SMP Kelas VIII

Pamulangan nulis drama kalebu salah sawijining kompetensi dasar kang kudu digayuh dening siswa ing kelas VIII semester I ing KTSP sajrone nyinaoni sastra ing mata pelajaran basa Jawa. Pamulangan sastra ing sekolah ana gandhengane karo apresiasi sastra, ana maneka aspek kagiyanan kang kinandhut sajrone apresiasi sastra, awit saka bisa paham isi sawijining karya sastra nganti bisa nyiptakake karya sastra. Salah sawijining penciptaan karya sastra yaiku nulis naskah (naskah) drama. Ketrampilan nulis naskah drama ana sajrone kompetensi dasar nggambaraké solah bawane manungsa lewat dhialog naskah drama sarta indhikator nulis naskah drama nggunakake basa kagapik.

Pamulangan drama dadi bab kang perlu dicakake dening siswa SMP, utamane basa Jawa, basa Inggris, lan basa Indonesia kang uga diulangake ing sekolah. Pencapaian materi iki dikarepake siswa bisa nulis naskah drama adhedasar kaidah, sarta bisa nemtokake manfaat utawa pelajaran urip kang dipethik saka kisah kang dipaparake sajrone naskah drama kasebut.

Ing wektu saiki, akeh pihak kang aweh pambiji menawa pamulangan nulis naskah drama ing sekolah-sekolah durung bisa nggayuh asil kang apik. Ing sekolah-sekolah naskah drama minangka sawijining karya sastra kang paling ora didhemeni dening siswa. Minat siswa sajrone nyenengi karya sastra kang akeh ana ing prosa, geguritan, lang kang paling sepi peminat yaiku drama. bab iki disebabake anane fenomena nalika siswa weneh penghayatan naskah drama kang awujud dhialog-dhialog kang dawa. Mula saka kuwi, kanggo weneh penghayatan sunaskah drama kasebut siswa perlu sawijining ketlitian kang luwih dibandhingake prosa lan geguritan.

Miturut Komaidi (2011:187), kagiyanan nulis naskah drama minangka sawijining proses kang utuh lan menyeluruh. Minangka sawijining proses kang utuh. Ana saperangan unsur fundamental sajrone naskah drama, kayata (1) nyiptakake latar (*creating setting*), (2) nyiptakake paraga kang urip (*freshing of characters*), (3) nyiptakake konflik-konflik (*working with conflicts*), (4) nulis adhegan, lan (5) nyusun

sajrone sekenario. Adhedhasar pamawas kasebut, nulis naskah drama uga nggatekake keutuhan fundamental saka naskah kang bakal digawe. Nulis naskah drama minangka sawijining kombinasi manusiawi, material, perlengkapan, lan prosedur.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, ketampilan nulis drama ing kelas VIII minangka salah sawijining ketampilan wajib kang kudu digayuh ing kurikulum tingkat satuan pendidikan. Sajrone pamulangan kasebut, ketampilan nulis drama kudu nggandhengake maneka unsur kang ana sajrone ketampilan nulis naskah drama.

Drama

Drama asale saka basa Yunani “*Draomai*” kang nduweni tegse solah, obah, utawa tumindak. Drama, yaiku solah, tumindak, utawa *action* (Waluyo, 2001:2). Ing wektu saiki drama nduweni teges kang luwih amba dingerten menawa drama iku minangka salah sawijining genre sastra utawa drama kuwi minangka sawijining kesenian kang mandiri. Naskah drama minangka salah sawijining genre sastra kang dijejerake karo geguritan lan prosa, banjur pamentasan drama minangka salah sawijining kesenian kang mandiri. Pememntasan drama kasebut minangka integrasi antarane maneka jinis kesenian kayata musik, tata lampu, seni lukis (dhekorasi lan panggung), seni kostum, seni rias, seni tari, lasn sapanunggalane.

Nurgiyantoro (2002:8) ngandharake menawa karya fiksi iku luwih ngarah marang karya awujud prosa naratif. Ora sekabehane karya kang ngandhut unsur rekaan sinebut karya fiksi. Banjur kanggo karyakarya kang panulisane ora awujud prosa (drama) dingerten minangka *genre* kang beda senajan ora disebutake *genre* saka drama kasebut.

Saben karya sastra kaperang saka unsur-unsur kang mujudake sawijining susunan utawa struktur saengga dadi wujud kang bunder lan utuh. Unsur-unsur karya sastra asipat umum lan khusus. Tegese, karya sastra nduweni unsur kang khas nanging uga nduweni unsur-unsur kang padha karo jinis karya satra liyane. Unsur kang mangun madege drama uga padha karo unsur jinis sastra liyane. Nanging, drama nduweni unsur kang khas, yaiku kanthi anane dhialog lan gerak. Miturut Nurgiyantoro (2002) drama nduweni unsur-unsur, kaya ing ngisor iki.

Plot utawa Alur (Kerangka Cerita)

Plot utawa alur dadi salah sijine perangan kang mligi sajrone nggawe karya fiksi. Sajrone analisis cerita, plot kerep uga sinebut kanthi tetembungan alur. Miturut Nurgiyantoro (2000:110), plot utawa alur yaiku rerangken prastawa kang dumadi kanthi runtut lan urut saengga bisa nuwuhake cerita. Plot utawa alur minangkani pangilone utawa lelakone salah bawane para paraga nalika tumindak, mikir, lan obah nalika ngadhepi perkara sajrone cerita. Suharianto (1982:28) weneh pamanggih yen plot utawa alur yaiku cara pangripta nggandhengake prastawa-prastawa kanthi urut lan nggatekake ukum sebab akibat, saengga dadi cerita kang utuh.

Bageyan alur kang penting kanggo lumakune cerita kaperang dadi telu, yaiku prastawa, konflik, lan klimaks. Eksistensi alur ditentokake saka katelu perangan kasebut, andharane yaiku: 1) Prastawa, yaiku ngalihake kahanane cerita saka kahanan siji menyang kahanan liyane. Kanggo ngudhari prastawa kuwi banjur diperang maneh menyang rong parembugan, yaiku satuan prastawa, prastawa fungsional, lan sesambungane prastawa fungsional kanthi gegayutan sebab-akibat; 2) Konflik, yaiku kedadeyan kang kagolong penting, minangka unsur kang esensial kango ngembangake alur (Nurgiyantoro, 2009:122); 3) Klimaks, yaiku nalika konflik ana ing pucuk kang paling dhuwur, nalika kuwi ora bisa di-indari kedadeyane (Stanton, 1965:16); 4) Peleraian, peleraian utawa pungkasane konflik ing cerita.

Paraga

Paraga yaiku pawongan kang nyekel prastawa sajrone cerita fiksi, sahengga prastawa kuwi bisa dadi cerita kang nyawiji, banjur cara pangripta medharake paraga utawa pawongan kuwi sinebut penokohan (Aminuddin, 2004:79).

Penokohan utawa perwatakan yaiku cara nglukisake utawa nggambaraké paraga sajrone cerita kajaba batin lan wujude kang bisa arupa: carane mikir ngenani urip, sikape, kapercayane, adat-istiadate lan sapanunggale (Suharianto, 1982:31).

Teknik utawa cara kanggo ngandharake paraga sajrone karya satra naratif uatawa fiksi dibedakake dadi saperangan teknik ekspositori utawa teknik analitik lan dramatik (Nurgiyantoro, 2000:90). Teknik analitik yaiku gambarane paraga cerita kanthi weneh deskripsi, uraian, utawa jlentrehan langsung. Paraga tuwuhan dituwuhake pangripta menyang pamaos kanthi langsung weneh deskripsi lan gambaran ngenani sikap, sifat, wateg, tetingkahe, lan fisike. Teknik dramatik minangkani gambarane paraga kanthi cara ora langsung. Pengarang ora weneh gegambaran langsung sifat, lan sikap sarta solah bawane paraga ing sajrone cerita.

Dhialog (Percakapan)

Dhialog minangka unsur kang penting sajrone naskah drama. Dhialog minangka titikan utama saka drama. Panulis naskah drama kudu nggatekake omongan kang bakal dicaturake. Ragam basa sajrone dhialog antarane paraga minangka ragam lisan kang *komunikatif*. Andharan kasebut sarujuk karo sing diomongake dening Waluyo (2001:20) menawa ragam basa sajrone dhialog paraga drama yaiku ragam basa lisan kang *komunikatif* lan dudu ragam basa tulis.

Latar utawa Setting

Latar utawa panggonan kedadeyane perkara ing cerita asring sinebut latar crita. Umume latar digolongake telung unsur, yaiku panggonan, ruwang, lan wektu. Latar panggonan nuduhake panggenan dumadine prastawa kang diceritakake, arupa jenenge panggonan, inisial tartamtu, utawa panggonan tartamtu tanpa anane kejelasan jeneng nanging nyebutake titikan

umum saka sawijinng panggonan kasebut (Nurgiyantoro, 2002:227).

Latar wektu minangka panggonan dumadine prastawa kanthi historis. Rerangkene prastawa kang dumadi ora oval saka anane wektu. Latar wektu miturut Genette (sajrone Nurgiyantoro, 2002:132), yaiku latar kanthi makna gandha. Kang sepisan, tumuju ing wektu penceritaan, wektu panulisan cerita. Kalarone, tumuju marang wektu tuturan prastawa kang dumadi sajrone crita fiksi. Latar wektu nduweni proporsi kang dominan, tipikal, lan fungsional utamane yen gegandhengan karo faktor kesejarahan.

Latar sosial minangka lukisan status kang nuduhake hakecate pawongan utawa saperangan paraga kang ana ing bebrayan agung kang ana ing sakupenge. Dheskripsi latar sosial ing solah bawane pranata sosial ing bebrayan nduweni peran kang penting sajrone *fiksi*. Bab kasebut uga weneh pangaribawa tumrap kapitayan pamaos marang paraga kasebut.

Tema utawa Nada Dasar Cerita

Kang diwastani tema miturut pamanggihe Stanton lan Kenny (dikutip Nurgiyantoro, 2000:67), yaiku makna kang kinadhut sajrone cerita. Nanging ana maneka makna kang kinandhut lan ditawakake dening cerita kuwi. banjur kang wigati yaiku makna mligi kang bisa diwastani tema.

Miturut Hartoko lan Rahmant (dikutip Nurgiyantoro, 2000:67), kanggo nemtokake makna utamane sajrone cerita, kita prelu nduweni teges kang cetha ngenani makna pokok, utawa tema kuwi dhewe. Tema minangkani gagasan dhasar umum kang weneh panopang karya sastra lan dadi dhasare cerita kuwi kinembang, banjur nduweni sipat yen weneh jiwa tumrap sekabehane perangane cerita. Tema bisa arupa perkara moral, etika agama, sosial budaya, tegnologi, tradisi kang gegayutan karo perkara saben dinane bebrayan agung.

Amanat

Sajrone karyane, pengarang mesti menehake sawijining amanat. Amanat minangka pesan utawa nilai-nilai moral kang weneh manfaat. Waluyo (2001:29) ngandharake menawa amanat ana sesambungane karo makna saka karya kasebut kanthi watak kias, subjektif, lan umum. Amanat sajrone crita bisa diungkapake kanthi tersurat lan uga bisa kanthi ora langsung (tersirat). Menawa penonton ndelok drama kanthi tliti, penonton bisa nangkep pesan kasebut. Amanat bakal luwih gampang ditangkp yen drama kasbut dipentasake.

Dhiskusi

Dhiskusi yaiku sawijining patemon wong loro utawa luwih sing tukar kawruh lan panemu kang biasane ngasilake keputusan bebarengan. Dewa Ketut Sukardi (2008:220).

Petunjuk Teknis

Petunjuk teknis utawa cathethan pinggir uga diwastani *naskah samping* kang isine maneka andharan

marang pamaos lan para panyengkuyung pamentasan ngenani kahanan, swasana, prastawa, utawa solah bawa parga, lan unsur-unsur crita liyane.

Sumber Belajar

Miturut andharan Sudjarwo (1989:141) kang diarani sumber belajar, yaiku sekabehane sumber arupa dhata, pawongan, lan wujud tartamtu kang bisa dinggo dening siswa sajrone pasinaon, saengga bisa nggampangake siswa tumuju ing tujuwan pasinaone.

Miturut Mulyasa (2002:48), sumber belajar dirumusake minangka sekabehane barang kang bisa nggampangake siswa sajrone proses golek informasi, kawruh, pengalaman, lan ketrampilan ing kagiyatan pasinaon.

Adhedhasar rongpamawas kasebut bisa dingerten menawa sumber belajar bisa arupa manungsa, bahan, alat, pesen, teknik, utawa lingkungan kang bisa weneh panggonan kanggo medharake sawijining pengalaman sinau lan weneh gampang sajrone ngolehake informasi lan pengalaman.

Ana rong cara anggone migunakake sumber belajar sajrone kagiyatan pasinaon ing sekolah, yaiku kanthi nggawa sumber belajar menyang jero kelas (Mulyasa, 2006:50-51). Adhedhasar tipe asal-usule, sumber belajar dibedhakake dadi telung kategori, yaiku:

(1) Sumber belajar kang dirancang (*learning resources by design*)

Sumber belajar kang sengaja diciptakake kanggo tujuwan instruksional, tuladhane kayata bahan ajar, modhul, slide power point, lan sapanunggalane.

(2) Sumber belajar kang wis sumedya (*learning resources by utilization*)

Sumber belajar kang wis ana tanpa anane maksud non instruksional, tuladhane kaya taman safari, kebun raya, taman nasional, lan sapanunggalane.

Adhedhasar jinis sumbere, sumber belajar miturut Mulyasa (2002:48-49) diperang dadi limang kelompok, yaiku: (1) manungsa, (2) bahan, (3) lingkungan, (4) alat, lan (5) aktifitas.

Gunane sumber belajar sajrone Kurikulum Tingkat Satuan Pendhidhikan miturute Mulyasa (2002:50), yaiku:

(1) Minangka sumber kanggo ngembangake wawasan

(2) Minangka pemandhu teknis ngenani langkah-langkah sawijining bab.

(3) Weneh maneka ilustrasi ngenani bidhang keilmuan.

(4) Weneh informasi ngenani saperangan bab kang ora tahu diweruhi.

(5) Ngumpulake maneka perkara kang tuwuhan weneh pambiyanu kanggo mecahake perkara kasebut.

Rubrik Cerita Cekak

Rubrik *Cerita Cekak* minangka salah sawijining jinis karya sastra arupa crita fiksi kang tamat ing sekali maca. Rubrik *Cerita Cekak* minangka salah sawijining tulisan kang ana ing majalah panyebar semangat. Rubrik *Cerita Cekak* minangka sawijining medhia kang dipilih kanggo ngundhakake ketrampilan

nulis naskah drama, nduweni titikan minangka crita ngenani urip bebrayan umum kang kasuguhake ing wujud kang cekak. Kaya umume karya satra awujud crita, sajrone rubrik *Cerita Cekak* uga ngandharake crita kanthi tata alur, latar, lan paraga kang tata. Ateges saka crita ing rubrik *Cerita Cekak* bakal bisa nggampangake siswa anggone nulis naskah drama.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Ancangan Panliten Ngundhakake Kawasiswa Nulis Naskah Drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung iki minangka panliten tindakan kelas yaiku tindakan kang mujudake implementasi utawa penerapan isi rancangan migunakake tindakan kelas. Babagan iki guru kudu golek cara sing wis dirumusake kang bisa ditindakake kanthi wajar (Arikunto Suharsini 2011:18)

Prosedur Panliten

Panliten ngenani Ngundhakake Kawasiswa Nulis Naskah Drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung iki minangka panliten tindakan kelas. Adhedhasar jenenge wis bisa dingerten menawa panliten iki minangka panliten kang dilaksanakake ing jero kelas. Panliten tindakan Kelas, kajabarake dening Arikunto (2007:2-3) yaiku (1) Panliten, nuduhake anane sawijining kagiyatan ninitingi objek kanthi nggunakake cara lan aturan metodologi tartamtu kanggo ngolehake dhata utawa informasi kang penting sajrone ningkatake mutu sawijining bab kang narik kawigatene panliti; (2) Tindakakan, nuduhake marang sawijining solahe kagiyatan kang sengaja ditindakake kanthi tujuwan tartamtu. Sajrone panliten awujud rerangken siklus tumrap siswa; lan (3) Kelas, ing perangan iki ora kaiket marang teges ruang kelas, nanging sajrone teges kang luwih *spesifik*. Kayata sajrone bidhang pendhidhikan lan pamulangan, kang diarani kelas yaiku saklompok siswa ing wektu tartamtu, nampa pelajaran kang pasdha saka guru kang padha uga.

Prosedur panliten ing panliten iki kaperang saka rancangan panliten, tindakan sajrone panliten, observasi, lan refleksi. Kapapat prosedur kasebut minangka prosedur kang umum ditindakake sajrone panliten tindakan kelas (PTK). Ing ngisor iki kaandharake prosedur panliten miturut pamawase Arikunto (2009:16)

Subyantoro (2009:8) ngandharake prosedur tindakan sajrone panliten tindakan kelas kaperang saka petang prosedur ing antarane yaiku perencanaan, tindakakn, observasi, lan refleksi. Sawise ditindakake prosedur refleksi kang kaperang saka analisis lan pambiji tumrap proses tindakan, biasane tuwuh permasalahan anyar kang perlu oleh kawigaten, saengga perlu ditindakake perencanaan maneh,

pengamatan maneh, lan refleksi maneh. Kapapat prosedur kasebut Kajabarake ing ngisor iki.

- (1) Rencana (*planning*), sajrone komponen iki, guru nindakake tindakan adhedhasar rencana tindakan kang wis direncanakake kanggo ngundhakake proses pamulangan, sikap, solah, lan prestasi siswa.
- (2) Tindakan (*action*), sajrone komponen iki, guru nindakake tindakakan adhedhasar rencana tindakan kang direncanakan, minangka upaya ngundhakake proses pamulangan, sikap, solah, lan prestasi siswa.
- (3) Pengamatan (*observing*), sajrone komponen iki guru ngamati dhampak utawa asil saka tindakan kang ditindakake marang siswa. Saka kagiyatan iki, guru bakal ngerti ngenani treatment kang dienggo bisa ngundhakake kawasiswa kosa kata ragam basa krama utawa ora bisa kawasiswa kosa kata ragam basa krama.
- (4) Refleksi (*reflection*), sajrone komponen iki, guru weneh kajian lan weneh tetimbangan kanthi jero ngenani asil lan dhampak saka tindakan kang wis ditindakake kasebut kanthi netepake maneka kriteria kang wis digawe. Adhedhasar asil refleksi ing komponen iki, guru banjur weneh perbaikan awal tumrap kakurangan saengga durung weneh dhampak perbaikan kang apik. (Susilo 2007:16)

Adhedhasar andharan ing ndhuwur prosedur panliten ing panliten kaperang saka (1) perencanaan, (2) pelaksanaan, (3) pengamatan, lan (4) refleksi. Kapapat langkah ngecakake utama kasebut kaya ing ngisor iki.

Subyek, Wektu lan Panggonan Panliten

Subyek panliten

Subyek panliten Ngundhakake Kawasiswa Nulis Naskah Drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 yaiku Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung.

Wektu Panliten

Wektu Panliten Ngundhakake Kawasiswa Nulis Naskah Drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung yaiku ing semester ganjil tahun pelajaran 2015-2016.

Panggonan Panliten

Panggonan panliten Ngundhakake Kawasiswa Nulis Naskah Drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung iki yaiku ing Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung.

Rancangan Panliten

Sajrone tahap perencanaan iki, nerangake ngenani rencana kang ditindakake sajrone pamulangan nulis teks drama lumantar rubrik *Cerita Cekak* Majalah Panjebar Semangat. Rencana kasebut kaperang saka:

- (1) Panyusunan Rencana Pelaksanaan Pengajaran (RPP) pamulangan nulis teks drama lumantar rubrik *Cerita Cekak* Majalah Panjebar Semangat;
- (2) Nyiapake majalah Panjebar Semangat minangka sumber beljar sajrone nuwuhake idhe siswa;
- (3) Nyusun lan nyiapake instrumen tes lan non tes. Instrumen tes isine ngennai soal-soal kang bakal dikerjakake dening siswa lan uga format pambiji kang bakal diisi kanthi biji siswa. Banjur instrumen non tes yaiku lembar observasi lan dokumentasi;
- (4) Perencanaan kerja sama karo pihak sekolah;
- (5) Perencanaan karo mitra kerja kang bakal dijaluki tulung sajrone proses observasi.

Kalima kagiyanan ing ndhuwur minangka gegambaran saka tindakkekan awal kang uga minangka tindakan perencanaan sajrone panliten iki. Kanthi rencana kasebut dikarepake tindakan sabanjure yaiku tindakan panliten bisa lumaku kanthi lancar.

Tindakan sajrone Panliten

Tindakan sajrone panliten iki uga kacathet ana ing Rencana Pelaksanaan Pengajaran (RPP) kang wis kasusun ing tahap perencanaan. Kanthi garis besar, tindakkekan kang bakal ditindakake dening panaliti yaiku nindakake pamulangan nulis teks drama lumantar rubrik *Cerita Cekak* Majalah Panjebar Semangat supaya bisa ngundhakake kawasianan nulis teks dramane siswa. Kaya umume kegiatan belajar mengajar (KBM) kagiyanan iki kaperang saka telung kagiyanan utama, yaiku apresiasi, kagiyanan inti, lan kagiyanan panutup. Katelu kagiyanan kasebut kajabarake ing ngisor iki.

Kagiyanan Aprespsi

Kagiyanan iki minangka kagiyanan awal sajrone proses pamulangan, kaandharake ing ngisor iki:

- (1) Guru weneh motivasi marang siswa.
- (2) Guru lan siswa ngeling-ngeling materi ing pamulangan sadurunge.
- (3) Guru ngandharake inti tujuwan pamulangan kang angliputi kognitif (produk, proses), psikomotor lan afektif (perilaku berkarakter, keterampilan sosial)
- (4) Guru weneh aprespsi marang siswa kanthi takon langsung marang siswa: “*Sapa sing ngerti apa kang diarani drama kuwi?*”

Kagiyanan Inti

Kagiyanan inti minangka kagiyanan intine panliten. Kagiyanan inti sajrone kagiyanan inti kajabarake ing ngisor iki.

- (1) Guru ngandharake ngenani teges lan unsur intrinsik drama.
- (2) Guru weneh tuladha marang siswa ngenani drama kang wis disemak
- (3) Guru weneh pitakonan ngenani isi lan pesen drama
- (4) Guru nerangake marang siswa carane nggawe klompok lan weneh pambiyantu marang siswa sajrone kagiyanan klompokan.
- (5) Guru ngutus perwakilan klompok milih edisi majalah Panjebar Semangat.

- (6) Saben klompok disuwun mbukak halaman kang ana rubrik *Cerita Cekak*. Saben klompok diutus nyebutake karakter kang ana sajrone rubrik *Cerita Cekak*. Adhedhasar rubrik *Cerita Cekak*, siswa diutus nggawe teks drama adhedhasar pituduh lan teknik nggawe naskah drama ing awal pamulangan inti.
- (7) Guru weneh bimbingan marang klompok ngenani tata cara nggarap tugas. Guru nerangake marang siswa menawa siswa kanthi narasi/ teks drama kang paling apik bakal oleh hadiah, yaiku bakal dadi sutradara ing kegiatan pemulangan sabanjure.
- (8) Guru weneh evaluasi asil pasinaoon ngenani materi drama.
- (9) Guru weneh panghargyan marang asil kerja klompoke siswa.

Kagiyanan inti dipungaksi kanthi tugas akhir kang diaturake dening guru, nalika siswa nggarap tugas kang dikerjakake guru lan nglakoni langkah-langkah pamulangan guru lan obsever weneh pambiji.

Kagiyanan Panutup

Kagiyanan panutup minangka kagiyanan akhir sajrone proses pamulangan. Ing kagiyanan iki, pamulangan mung fokus marang kagiyanan simpulan lan refleksi diri sasuwene proses pamulangan. Tindakan sajrone kagiyanan panutup kaandharake ing ngisor iki.

- (1) Guru lan siswa nindakake *refleksi* kanhi weneh pitakonan langsung lan weneh dudutan ngenani pamulangan kang nembe ditindakake.
- (2) Guru menehake kuis sedherhana kanggo ngukur ketercapaian pamulangan.
- (3) Guru menehake tugas kanggo pengayaan utawa remidi marang siswa.
- (4) Guru nutup pamulangan kanthi salam.

Pungkasane kagiyanan pamulangan ditandhai kanthi pangucapan salam dening guru. Kagiyanan panutup minangka kagiyanan kang wekasan sajrone kagiyanan panliten iki, bubare kagiyanan iki nuduhake menawa panliti wis oleh dhata-dhata kang dibutuhake sajrone proses panliten. Sabubare kagiyanan panutu, panliti nindakake pengolahan dhata.

Observasi

Observasi minangka kagiyanan ngamati asil utawa dhampak saka panliten pamulangan nulis teks drama lumantar rubrik *Cerita Cekak* Majalah Panjebar Semangat kang wis katindakake sajrone ing kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung.

Tes nggawe *drama* dilaksanakake kanggo ngertenai ketercapaian kompetensi dasar nulis *teks drama* siswa aswise nindakake saperangan proses pamulangan. Observasi dienggo kanggo ngertenai aktivitas siswa ing kelas sajrone proses pamulangan dumadi. Observer minangka mitra panliti kang dijaluki tulung kanggo ngobservasi aktifitas guru lan aktivitas

siswa sajrone proses pamulangan adhedhasar lembar pengamatan kang wis digawe.

Kang bakal katindakake sajrone tahapan observasi ing panliten iki, yaiku:

- (1) Nindakake pengamatan ketrampilan guru sajrone Ngundhakake Kawasisan Nulis Naskah Drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung.
- (2) Nindakake pengamatan aktivitas siswa sajrone pamulangan nulis naskah drama Kanthi Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung.
- (3) Nindakake pambiji sajrone ketrampilan nulis naskah drama kanthi methodhe dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung.

Banjur dokumentasi foto dienggo kanggo ngrekam sekabehane aktivitas siswa sasuwene proses panliten tindakan kelas kang ditindakake. Asil foto-foto kasebut bakale didadekake laporan minangka bukti menawa panliti wis nglakoni panliten tindakan kelas.

Refleksi

Refleksi minangka kagiyanan weneh kajian tumrap asil tindakan kang wis katindakake kanggo nemtokake tindak lanjut kang bakal ditindakake sabanjure. Menawa sajrone panliten kang sepisan isih asipat negatif, ateges panliten iki durung bisa ngundhakake kawasisan nulis teks drama Metodhe Dhiskusi lumantar Rubrik Cerita Cekak saka Majalah Panjebar Semangat tahun 2015 tumrap Siswa Kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung, mula perlu katindakake owah-owahan ana ing panliten kaloro. Sajrone panliten PTK panliten lanjutan iki diarani siklus II. Sajrone refleksi bakal kaandharake telung perangan, yaiku: (1) bab-bab kang wis bisa kagayuh, (2) bab-bab kang durung bisa kagayuh, lan (3) nemtokake tindak lanjut kanggo ngrancang siklus sabanjure.

Tindakan perbaikan utawa siklus II ditindakake menawa, sajrone panliten kang wiwitna siswa durung bisa nggayuh kriteria penilaian kang diandharake lan durung bisa ngancik prosentase kelulusan klasikal kang ditetapake yaiku 80%.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Anggone nglumpukake dhata ing panliten iki nggunakake rong teknik, yaiku teknik tes lan teknik observasi. Saka asil rong teknik kasebut bakal entuk dhata kang mengkone banjur dianalisis kanggo meruhi asil saka panliten.

Kalorone kaya ing ngisor iki.

Teknik Tes

Teknik tes minangka sawijining cara kanggo nengenake panliten kanthi wujud sawijining tugas kang kudu digarap dening siswa kanthi individu utawa klompok, saengga ngasilake sawijining biji solah bawa utawa prestasi siswa kasebut. Tugas kasebut bisa arupa pitakon utawa prentah-prentah. Teknik tes kang dienggo ing panliten iki, yaiku tes akhir. Tes akhir, yaiku tes kang diwenehake marang siswa sawise pamulangan kanthi metodhe tartamtu. Sajrone panliten iki tes akhir diwenehake kanggo ngertenai kabisan siswa sajrone nulis naskah drama. Bab kasebut sarujuk karo andharane saperangan ahli kang nerangake menawa tes yaiku pitakonan-pitakonan utawa gladhen sarta piranti liyane kang digunakake kanggo ngukur katrampilan, kawruh, kawasisan utawa bakat kang diduweni dening individu utawa klompok (Arikunto, 2006:150). Tes nduweni guna yaiku kanggo meruhi lan nemtokake predikat sawijine pawongan (Sugiyono, 2010:171).

Tes tulis kang dienggo yaiku kanthi wujud esai, yaiku nulis teks naskah drama adhedhasar rubrik *Cerita Cekak* ing Majalah Panjebar Semangat kang dadi sumber belajar pamulangan nulis naskah drama. Langkah-langkah kang katindakake sajrone teknik tes, yaiku (a) nyiapake bahan tes, (b) nindakake tes kanggo ngukur kabisan nulis teks drama siswa sajrone pamulangan nulis naskah drama lumantar rubrik *cerita Cekak* majalah Panjebar Semangat, lan (c) weneh pambiji adhedhasar aspek kang wis katemtokake, lan kriteria skor kang wis katemtokake.

Teknik Observasi

Observasi katindakke kanggo weneh pengamatan owah-owahane solah bawane siswa nalika proses pamulangan nulis naskah drama lumantar rubrik cerita ekak ing majalah Panjebar Semangat. Observasi katindakake kanthi langsung lan ora langsung. Observasi kanthi langsung yaiku observasi kang katindakake kanthi panca indera, banjur observasi kang ora langsung yaiku lumantar lembar pengamatan minangka tata cara pangumpulan dhata.

Observasi yaiku migatekake samubarang kanthi nggunakake mripat. Arikunto (2010:199) ngandharake yen observasi nyakup kegiyatannya nggatekake marang sawijine objek kanthi nggunakake sakabebe piranti indra. Saka segi instrumen kang digunakake, observasi diperang dadi loro, yaiku observasi mawa struktur lan observasi tanpa terstruktur. Observasi mawa struktur yaiku observasi kang wis dirancang kanthi sistematis ngenani apa kang diobservasi, kapan lan ing ngendi panggonane. Observasi tanpa struktur yaku observasi kang ora dicawiske kanthi sistematis ngenani apa kang diobservasi. Ing panliten iki nggunakake observasi mawa struktur amarga panliten iki wis ngrangcang kanthi sistematis ngenani apa kang diamati.

Observasi kang ditindakake ing panliten iki yaiku observasi tumrap proses pasinaon. Observer ing panliten iki yaiku kanca guru basa Jawa SMPN 1 Gondang Tulungagung utawa kanca panliti. Observasi proses pasinaon ing kene ditindakake kanggo ngamati proses pasinaon kang ditindakake siswa lan guru

Panggone Q1/ kuartil pertama

$$Q1 = \frac{1}{4} (n + 2) \text{ kanggo n genep utawa } Q1 = \frac{1}{4} (n + 1) \text{ kanggo dhata ganjil}$$

Panggon Q2/ median

$$Q2 = \frac{2}{4} (n + 1) \text{ kanggo dhata genep utawa dhata ganjil}$$

Panggon Q3/ kuartil ketelu

$$Q3 = \frac{3}{4} (n + 2) \text{ kanggo dhata genep utawa } Q3 = \frac{3}{4} (n + 1)$$

Panggon Q4/ kuartil kapapat = skor sing paling dhuwur = T

Adhedhasar kisi-kisi instrumen kang ana, dhata bisa diolehake saka skala pambiji kang dienggo kango nemtokake *indikator*. Tabel kwalifikasine kaya ing ngisor iki:

Skor Katrampilan Guru

Skor	Kriteria	Biji
30,5 skor 40	Apik banget	A
20 skor 30,5	Apik	B
9,5 skor 20	Cukup	C
0 skor 9,5	Kurang	D

Skor Aktivitas Siswa

Skor	Kriteria	Biji
21,5 skor 28	Apik banget	A
14 skor 21,5	Apik	B
6,5 skor 14	Cukup	C
0 skor 6,5	Kurang	D

$$N = \frac{\text{Jumlah skor kango diolehake guru}}{\text{Skor maksimal}} \times 100\%$$

Katrangangan:

N : biji kang diolehake guru guru utawa siswa

Skor perolehan : skor saka saperangan *indikator* kang tuwuhan sajrone observasi

Skor maksimal : cacahe skor keseluruhan

Saka rumus ing ndhuwur, bisa diandharake menawa skor biji, yaiku skor kango diolehake lan saben-saben *deskriptor* kang tuwuhan banjur dijumlah kanthi sekabehe skor kango diasilake.

Sawise nginterpretasekake asil panliten kasebut, banjur dienekeake dudutan ngenani asil pasinaon, nggamarake ana apa orane peningkatan kanthi ngacu marang panliten iki.

Indikator Ketercapaian

Indikator keberhasilan sajrone panliten "Ngundhakake kawasiswaan nulis naskah drama siswa kelas VIIIF SMPN 1 Gondang lumantar rubrik *Cerita Cekak* majalah Panjebar Semangat" iki, yaiku:

(1) Ketuntasan pasinaon siswa kanthi *individu*, kagayuh menawa siswa bisa ngancik biji 75 sajrone pamulangan kawasiswaan nulis naskah drama siswa lumantar rubrik *Cerita Cekak* majalah Panjebar Semangat.

(2) Indikator ketuntasan kelas (*klasikal*) bisa ginayuh menawa 75% siswa ngancik biji 75 sajrone pamulangan nulis naskah drama siswa lumantar rubrik *Cerita Cekak* majalah Panjebar Semangat.

(3) Indikator keberhasilan kagiyatan siswa lan guru ginayuh menawa aktifitas guru lan siswa ngancik predikat apik nganti 80% sajrone pamulangan nulis naskah drama siswa lumantar rubrik *Cerita Cekak* majalah Panjebar Semangat.

JLENTREHAN LAN ANDHARAN

Asil Panliten

Panliten tindakan kelas (PTK) sajrone panliten iki kalaksanakake ing rong siklus. Akehe siklus sajrone pamulangan adhedhasara ing keberhasilan pencapaian indikator kang wis ditrepake. Sajrone perangan ngisor iki, kaandharake asil panliten ngenani katrampilan guru, aktivitas siswa, lan katrampilan nulis naskah drama siswa kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung.

Jlentrehan Dhata Tindakan Siklus I

Ing jlentrehan dhata tindakan siklus I iki, panaliti bakal ngandarake rencana tindakan Siklus I, tindakan Siklus I, kegiyatan awal, kegiyatan inti, lan kegiyatan panutup.

Ngrencanakake Tindakan Siklus I

Sadurunge pelaksanaan siklus I panliti nyusun rencana pamulangan mata pelajaran basa Jawa materi nulis naskah drama lumantar rubrik Cerkak majalah Panjebar Semangat. Panliti uga gawe lembar evaluasi lan lembar pengamatan. Lembar evaluasi isine ngenani soal penugasan gawe naskah drama lan soal-soal kang cundhuk karo materi nulis naskah drama. banjur lembar observasi minangka lembar pambiji observer (*pengamat*) tumrap pamulangan. Lembar observasi, isine pengamatan tumrap katrampilan guru sajrone pamulangan kang nerangake tata cara guru mulang materi nulis drama lumantar rubrik Cerkak majalah Panjebar Semangat lan aktivitas siswa sajrone pamulangan. Panliti uga nyawiske sumber belajar, yaiku majalah Panjebar Semangat.

Tindakan Siklus I

Kalaksanane tindakan ing siklus I iki, katindakake ing SMPN 1 Gondang Tulungagung. Tindakan iki kaperang saka patemon I. Patemon kang kapisan ing siklus I katindakake ing dina Kamis, 13 Agustus 2015 kanthi alokasi wektu 2 x 40 menit utawa rong jam pamulangan.

Kagiyatan Awal

Sajrone kagiyatan awal iki, guru nyiapake siswa kanthi ngutus salah sawijining wakil siswa nyiapake,

banjur ngajak ndonga, guru banjur nindakake apresepsi, weneh motivasi, lan ngandharake tujuwan pamulangan. Sajrone apresepsi, guru tekon marang siswa “*Bocah-bocah sapa sing sing ngerti apa kang diarani naskah drama kuwi?*”

Kagiyatan Inti

Sajrone kagiyatan inti iki kaperang saka proses tanya jawab, andharan materi, penugasan, lan evaluasi. Guru ngandharake materi ngenani naskah drama ing wiwitan kagiyatan, banjur guru aweh pitakonan marang siswa ngenani materi nulis naskah drama, sabanjure kuwi guru merang siswa ing 5 klompok kang saben klompok kaperang saka 5-6 siswa. Saben klompok diwenehi majalah Panjebar Semangat lan LKS minangka bahan kanggo nindakake kagiyatan dhiskusi. Guru banjur weneh panduan utawa tata cara nggarap tugas kasebut. Saben bocah ing saklompok gawe sanaskah drama. Siswa ing klompok kang oleh biji paling apik bakal dadi sutradara klompok. Kanthi bimbingan guru siswa ngrembug babagan tugas lan nggarap tugas kang diparingake dening guru. Siswa lan guru banjur bareng-bareng ngrembug asil tugas siswa. Siswa nggarap latihan soal kanthi individu. Guru weneh bebungah/hadiyah kanthi individual lan klompok.

Kagiyatan konfirmasi, yaiku siswa diwenehi kalodhangan nekokake materi kang durung dingerten. Guru weneh umpan balik lan penguatan marang asil kerjane siswa. Siswa lan guru bebarengan gawe dudutan kathi cara guru gawe refleksi ngenani pamulangan kang wis katindakake.

Kagiyatan Panutup

Sajrone kagiyatan panutup iki, guru weneh umpan balik kanthi weneh saperangan pitakonan lan weneh perkara kang bisa dirampungake siswa sabubare kuwi guru bebarengan karo siswa weneh dudutan tumrap materi. Guru weneh kuis ngenani materi kang wis disinaoni siswa. Siswa bebarengan karo guru nindakake refleksi. Guru nutup pamulangan lan weneh apresiasi kanthi tepuk tangan bebarengan siswa.

Ing indikator pambiji dhialog lan tema, ing siklus I siswa kasil ngolehake cacah skor 72, kanthi rata-rata 2,7 ateges siswa kalebu ing kategori cukup. Angone nggawe dhialog isih kurang kreatif, ekspresi penokohan kang kurang linear lan kasalarasan karaktere isih kurang logis.

Sajrone indicator paraga, siswa kasil ngolehake total skor 72 kanthi rata-rata 2,67. Rata-rata paraga sajrone naskah drama siswa isih kurang ekspresine sarta kasalarasan paraga lan karakter durung linear.

Sajrone aspek latar, siswa kasil ngolehake skor total 70 kanthi rata-rata 2,6 lan kalebu ing kategori cukup. Siswa katon kurang sajrone ngembangake latar saperangan siswa wis bisa ngembangake karakter kanthi apik, nanging saperangan liliyane katon swasana crita isih kurang cundhuk karo tema kang diangkat.

Aspek alur, kasil ngolehake skor total 72 kanthi rata-rata skor 2,7 lan kalebu ing kategori “cukup”. Urutan alur logis, runtut, nanging kapedhot-pedhot

utawa ora jangkep, prastawa jelas nanging ora ana andharan kang cetha kango nguwatake andharan.

Sajrone aspek amanat, siswa kasil ngolehake skor total cacah 73 kanthi rata-rata 3 kategori cukup. Amanat sajrone naskah drama katon kurang ngenani andharan amanat lan kurang trep karo tema. Sanajan mangkono nanging isih ana siswa kang bisa ngandharake amanat sajrone naskah kanthi apik sinerat lan sinurat.

Adhedhasar jlentrehan ing saben aspek kasebut, dingerten menawa sajrone nulis naskah drama siswa kelas VIII F lumantar rubrik Cerkak isih durung bisa nggayuh kategori kang dikarepake.

Observasi Siklus I

Asil Pengamatan ing siklus I iki kaperang saka asil pengamatan katrampilan guru, aktivitas siswa, lan katrampilan nulis naskah drama siswa kelas VIII F SMPN I Gondang Tulungagung.

Katrampilan Guru sajrone Ngelola Pamulangan

Adhedhasar asil pengamatan langsung kanthi lembar observasi kang wis katindakake dening observer nalika pamulangan, guru sajrone ngelola pamulangan nulis naskah drama lumantar rubrik Cerkak majalah Panjebar Semangat

- 1 = Mbukak pelajaran kanthi weneh apresepsi (ketrampilan mbukak pelajaran)
- 2 = Ngandharake tujuwan pamulangan (ketrampilan mbukak pelajaran)
- 3 = Nerangake materi teges, unsur instrinsik, lan isi naskah drama (ketrampilan ngandharake materi)
- 4 = Ngandharake pitakonan marang siswa ngenani materi naskah drama, kang kaperang saka teges, unsur instrinsik, lan isi naskah drama (ketrampilan tekon)
- 5 = Nggawe klompok dadi 6 klompok kanggo nggarap lembar kerja (ketrampilan mulang klompok silik lan individu)
- 6 = Nggunakake rubrik Cerita Cekak majalah Panjebar Semangat sajrone pamulangan (ketrampilan ngenekake variasi)
- 7 = Nyeluk lan nerangake rubrik kang bakal digawe naskah drama marang ketua klompok (ketrampilan mulang klompok silik lan individu)
- 8 = Weneh bimbingan marang siswa ing kagiyatan dhiskusi nggarap Guru weneh bimbingan marang klompok ngenani tata cara nggarap tugas. Guru nerangake marang siswa menawa siswa kanthi narasi/ teks drama kang paling apik bakal oleh hadiah, yaiku bakal dadi sutradara ing kegiyatna pemulangan sabanjure. (ketrampilan mulang klompok silik lan individu)
- 9 = Weneh evaluasi asil pasinaon ngenani materi drama (ngelola kelas)
- 1 = Weneh bebungah marang asil kerja klompoke siswa (ketrampilan weneh penguatan)
- 0 =

Adhedhasar tabel lan dhiagram ing ndhuwur, ana 10 indhikator kang diamati kanthi rata-rata ing ngisor iki.

Asil pengamatan katrampilan guru sajrone pamulangan nulis naskah drama ing siklus I, yaiku 22 kanthi prosentase 55 %. Asil analisis kualitatif ing ndhuwur ngenani katrampilan guru kalebu sajrone kategori apik, nanging apike ana ing taraf ngisor. Kaya kang dingertenipun asil kasebut ngalami undhak-undhakan saka sadurunge tindakan ing pra siklus, yaiku ngolehake biji 15 kanthi prosentase 37,5%. Saengga prelu anane perbaikan supaya ing siklus sabanjure bisa nggayuh asil kang dikarepane.

Asil observasi katrampilan guru sajrone pamulangan nulis naskah drama lumantar rubrik *Cerkak* majalah Panjebar Semangat ing tabel 4.1 kanthi cetha bakal kajlentrehake ing ngisor iki.

(1) Mbukak pelajaran kanthi weneh apresepsi

Katrampilan guru sajrone mbukak pamulangan kasil ngolehake skor 2. Apresepsi kang katindakake wis trep karo materi, narik kawigaten. Nanging ing indhikator iki guru durung weneh motivasi marang siswa supaya gawe siswa luwih semangat lan apresepsi durung cundhuk karo kahanane siswa.

(2) Ngandharake tujuwan pamulangan

Sajrone indhikator ngandharake tujuwan pamulangan, guru oleh skor 2. *Deskriptor* kang twuh ing indhikator iki, yaiku tujuwan wis trep karo indikator pamulangan lan tujuwan pamulangan wis cetha. Banjur rong *deskriptor* kang ora katon ing indhikator iki, yaiku guru ora nulisake tujuwan pamulangan ing blabak lan guru ora weneh pitakonan marang siswa.

(3) Nerangake materi teges, unsur instrinsik, lan isi naskah drama

Sajrone indhikator nerangake materi teges, unsur instrinsik, lan isi naskah drama saka kapapat *deskriptor* kang ana, mung tinemu anane rong *deskriptor* sajrone panliten, yaiku andharan saka guru adhedhasar materi pamulangan lan anggone ngandharake materi guru nganggo asa kang gampanga dingertenipun dening siswa. Banjur ana rong *deskriptor* kang ora tuwuhan saka indhikator iki, yaiku guru ora nggunakake tuladha utawa gambaran kanggo nggampangake materi lan guru durung menehi penekanan ing materi kang wigati. Saengga ing indhikator iki guru kasil ngasilake skor 2.

(4) Ngandharake pitakonan marang siswa ngenani materi naskah drama, kang kaperang saka teges, unsur instrinsik, lan isi naskah drama

Sajrone indhikator iki, guru kasil ngolehake skor 2, amarga mung ana rong *deskriptor* kang twuh, yaiku guru ngandharake pitakonan kanthi jelas lan cetha lan anane acuan nalika weneh pitakonan. Banjur *deskriptor* kang ora tuwuhan sajrone indhikator iki, yaiku guru durung menehi wektu marang siswa suaya siswa bisa mikir lan durung anane giliran njawab kanggo siswa.

(5) Nggawe klompok dadi 6 klompok kanggo nggarap lembar kerja

Katrampilan guru sajrone indhikator nggawe klompok dadi 6 klompok kanggo nggarap lembar kerja iki kasil ngolehake skor 3. Sajrone indhikator iki, ana telung *deskriptor* kang twuh, yaiku guru weneh bimbingan sajrone nggawe klompok, guru nglompokake siswa dadi 6 klompok kang heterogen, lan guru nemtokake tugas marang siswa kanthi klompokan. Ananging ana *sadeskriptor* kang ora twuh, yaiku guru durung ngatur panggonan lungguhe siswa, saengga kelas dadi rame.

(6) Nggunakake rubrik Cerita Cekak saka majalah Panjebar Semangat sajrone pamulangan

Sajrone indhikator iki, katrampilan guru nggunakake rubrik Cerita Cekak majalah Panjebar Semangat sajrone pamulangan kasil ngolehake biji mung 2 marga mung ana 2 *deskriptor* kang twuh, yaiku guru nampilake rubrik kang cundhuk karo materi pamulangan lan guru nampilake rubrik kang disenengi dening siswa. Kaloro *deskriptor* kang durung twuh, yaiku guru durung nerangake gunane rubrik lan guru durung weneh penekanan marang bab kang penting kango indhikator iki.

(7) Nyeluk lan nerangake rubrik kang bakal digawe naskah drama marang ketua klompok.

Katrampilan nyeluk lan nerangake rubrik kang bakal digawe naskah drama marang ketua klompok, ing indhikator iki, guru kasil ngolehake skor 3. *Deskriptor* kang twuh, yaiku guru nyeluk ketua klompok supaya maju ing ngarep kelas kanggongrungokake andharan ngenani rubrik, guru nerangake rubrik kang bakal dienggo sumber belajar marang ketua klompok, lan guru ngandharake materi kanthi cetha lan nganggo basa kang gampang dingertenipun siswa. Banjur ana *sadeskriptor* kang ora twuh, yaiku guru ora nerangake kanthi weneh tuladha utawa conto.

(8) Weneh bimbingan marang siswa sajrone kagiyatan dhiskusi

Sajrone indhikator iki, ana 2 deskriptor kang katon saka proses pamulangan, yaiku guru nerangake tata aturan kerja ing kagiyatan klompokan lan guru weneh motivasi marang siswa supaya bisa kerja bebarengan sajrone klompoke. Banjur 2 *deskriptor* liyane kang ora tinemu sajrone proses observasi, yaiku guru ora menehi kalodhangan marang siswa kang pengin aweh pamawas lan guru durung weneh bimbingan marang siswa kang kurang cetha. Bab kasebut nyebabake ana saperangan siswa kang isih durung ngerti nanging ora bisa takon marang gurune.

(9) Weneh evaluasi asil pasinaon ngenani materi drama Sajrone indhikator iki guru kasil oleh skor 2. *Deskriptor* kang twuh sajrone indhikator iki, yaiku guru weneh penguatan arupa tembung lan ukara pujian marang siswa lan guru weneh penguatan kanthi nyedhaki siswa. Banjur rong *deskriptor* kang ora twuh yaiku guru ora weneh penguatan arupa obahe sirah “manthuk”, acungan jempol, utawa keplokkan marang siswa lan weneh penguatan arupa bintang prestasi marang siswa.

- (10) Weneh bebana marang asil kerja klompoke siswa

Deskriptor kang katon ing indhikator iki, yaiku weneh dudutan inti materi kanthi cetha lan weneh evaluasi cundhuk karo materi. Banjur *deskriptor* kang ora tuwuhan yaiku weneh evaluasi adhedhasar tingkat kapinteran siswa lan weneh wektu marang siswa kanggo mikir kang salaras karo siswa nalika nggarap evaluasi. Saengga skor kang kasil diolehake guru yaiku 2.

Pengamatan Aktivitas Siswa sajrone Pamulangan

Asil pengamatan tumrap aktivitas siswa sajrone proses pamulangan kaandharake kanthi prosentase aktivitas ing tabel ngisor iki. Dhata asil observasi aktivitas siswa diolehake saka pengamatan marang siswa sasuwene nindakake kagiatan pamulangan. Cacahe siswa kang diamati, yaiku 27 siswa.

- (1) Nyiapake diri ing kagiyatan pamulangan

Indhikator nyiapake diri sajrone pamulangan ngolehake biji rata-rata 3,6 kanthi jumlah skor 97. Cacahe ana 16 siswa kang kasil ngolehake skor 4 lana ana 11 kang ngolehake skor 3. Banjur ora ana siswa kang ngolehake skor 1 lan 2.

- (2) Ngrungokake lan nggatekake andharane guru ngenani ragam basa krama

Sajrone indhikator iki ana 3 siswa kang ngoelahake skor 1, ana 15 siswa ngolehake skor 2, lan ana 9 siswa kang ngolehake skor 3. Banjur ora tinemu siswa kang kasil ngolehake skor 4. Biji rata-rata kang kasil digayuh siswa, yaiku 2,2 kanthi jumlah skor 60.

- (3) Takon lan mangsuli pitakonan saka guru

Cacahe ana 15 siswa kang oleh skor 1, ana 10 siswa kang oleh biji 2, lana ora ana siswa kang oleh skor 3 lan 4. Cacahe 2 siswa oleh biji 0. Saengga sajrone indhikator iki, biji kang diolehake siswa yaiku 35 kanthi rata-rata biji 1,4.

- (4) Gawe klompok karo siswa liyane

Ing indhikator gawe klompok karo siswa liyane, siswa kasil entuk biji rata-rata 2,1 kanthi jumlah skor 57. Cacahe ana 8 siswa kang oleh skor 1, ana 8 siswa kang oleh skor, 11 siswa oleh skor 3, lan ora anane siswa kang oleh skor 4.

- (5) Ketua klompok nemoni lan mirengake andharan saka guru ngenani rubrik kang bakal digawe naskah drama

Indhikator ketua klompok nemoni lan mirengake andharan saka guru ngenani rubrik kang bakal digawe naskah drama ngolehake jumlah skor 13 kanthi rata-rata 0,5. Cacahe ana 5 siswa kang ngolehake skor 2, ana 1 siswa kang ngolehake skor 3, ora ana siswa kang ngolehake skor 1 lan 4, lan sekabehane sisane ngolehake skor 0.

- (6) Dhisikusi karo kanca liyane, nggarap tugas klompok nyusun naskah drama lumantar rubrik *Cerkak*

Aktivitas siswa sajrone indhikator iki ngolehake jumlah skor 40 kanthi biji rata-rata 1,5. Saka 27 siswa, cacahe ana 12 siswa kang oleh skor 1, ana 14 siswa kang oleh skor 2, lan ora anane siswa kang oleh skor 3 lan 4.

- (7) Weneh dudutan tumrap materi pamulangan lan nindakake evaluasi

Sajrone indhikator iki, aktivitas siswa sajrone pamulangan nulis naskah drama lumantar rubrik *Cerkak* siswa kasil ngolehake rata-rata skor 2,4 kanthi cacah skor 62. Cacahe ana 10 siswa kang oleh skor 2, ana 14 siswa kang oleh skor 3, lan ora ana siswa kang oleh skor 1 lan 4.

Refleksi Siklus I

Refleksi pamulangan ningkatake kawasiswaan nulis naskah drama kanthi metodhe dhiskusi lumantar rubrik *Cerkak* Majalah Panjebar Semangat ing siklus I, dipunjerake ing katrampilan guru, aktivitas siswa, lan asil pasinaon. Refleksi dienggo minangka bahan tetimbangan kanggo ndandani pamulangan ing siklus sabanjure. Asil refleksi saka siklus I, yaiku:

a. Katrampilan Guru

Ketrampilan guru sajrine pamulangan kalebu apik, nanging isih ana saperangan kekurangan kang kudu didandani. Kekurangan-kekurangan kasebut yaiku:

- (1) Nalika mbukak pamulangan, guru durung weneh motivasi marang siswa supaya melu pamulangan, ora ulisake tujuwan pamulangan ing papa tulis lan ora menehake pitakonan lanjut.
- (2) Guru durung weneh penekanan ing materi penting.
- (3) Anggone nindakake kagiyatan gawe klompok isih homogen lan durung optimal sajrone ngondhisikake siswa kanggo ninsakake dhiskusi klompok.
- (4) Sajrone weneh bimbingan marang siswa nalika diskusi, guru durung isa weneh motivasi marang siswa kanggo kerja bebarengan karo anggota klompoke saengga ana siswa kang ora aktif lan ora aktif.
- (5) Guru durung menehi kawigaten marang sekabehane siswa lan ora negur siswa kang ora patuh karo aturan nalika kagiyatan nulis naskah drama.
- (6) Penguatan kang diwenehake guru isih kurang, amarga guru mung weneh penguatan arupa ukara pujian marang siswa.
- (7) Sajrone kagitan nutup pamulangan isih kurang maksimal amarga guru ora weneh dudutan ngenani materi pamulangan.

b. Aktivitas Siswa

Aktivitas siswa ing siklus I durung bisa diwastani apik. Ana saperangan bab kang nuduhakae kahanan kurang apik kasebut, utamane saka skor kang kalebu ing kategori cukup. Mula saka kuwi perlu anane perbaikan lan peningkatan ana ing siklus I. Aktivitas siswa kang perlu diundhakake lan diowahi, yaiku:

- (1) Kesiapan siswa sajrone pasinaon wis apik, mung ana saperangan siswa kang durung tertib nalika mlebu ing kelas.
- (2) Siswa sajrone ngrungokake andharan saka guru kurnang maksimal. Ana saperangan siswa

- kang rame ing jero kelas sasuwene pamulangan lan ora gelem mirengake andharan saka guru.
- (3) Siswa kurang aktif tekon marang guru, senajan durung jelas ngenani materi kang perlu dipelajari.
 - (4) Nalika kagiyatan nggawe klompok, saperangan siswa ngolongkok kanthi ora tertib saengga swasana kelas dadi ora kondusif.
 - (5) Pastisipasi siswa sajrone kagiyata diskusi klompok kurang maksimal. Ana saperangan siswa ora melu kerja bareng sajrone klompok. Siswa kasebut rame karepe dhewe karo kancane.
 - (6) Saperangan siswa ora tertib lan rame ana saperangan siswa kang menga-mengo nalika evaluasi.
- c. Asil Pasinaon
- Asil pasinaon siswa durung ngancik indikator keberhasilan amarga ketuntasan klasikal isih ngancik 54,4%, sawetara kang bisa kasil ngancik ketuntasan klasikal yaiku kang wis bisa ngancik 75%. Adhedhasar maneka perkara kang tuwuhan kagiyatan siklus I, mula perlu anane owah-owahan kango nindakake ing siklus 2.

Revisi Siklus I

Adhedhasar refleksi perkara ing ndhuwur, ana saperangan bab kang kudu didandani lan dienekake revisi, kanggo tahap pelaksanaan sabanjure, yaiku:

a. Katrampilan Guru

Perbaikan kang kudu kantindakkae kango ngundhakake ketrampilan guru sajrone pamulangan, yaiku:

- (1) Guru perlu weneh motivasi marang siswa supaya siswa luwih semangat melu pamulangan.
- (2) Guru kudune weneh penekanan ing perangan-perangan kang wigati saengga siswa luwih paham ngenani materi.
- (3) Guru kudu mbimbing siswa kango nemtokake klompok kang heterogen.
- (4) Guru kudu nglola kelas kanthi apik lan weneh teguran marang siswa kango rame.
- (5) Guru kudu nggawe dudutan materi kang wis disinaoni kanthi nglibatake siswa.

b. Aktivitas Siswa

Perbaikan kang kudu kantindakkae kango ngundhakake aktivitas siswa sajrone pamulangan, yaiku:

- (1) Guru kudu ngonsep materi kanthi apik lan ngandharake kanthi nyenengake supaya bisa narik kawigatene siswa.
- (2) Nggugah siswa supaya luwih wani tekon lan ngandharake pamawase.
- (3) Munjerake kawigaten siswa, supaya siswa bisa nampa anggota klompok kang ditemtokake dening guru.
- (4) Weneh dhukungan marang siswa supaya bisa luwih aktif sajrone kagiyatan dhiskusi.

- (5) Weneh motivasi marang siswa, sarta weneh pengarahan kang jelas supaya dhiskusi bisa lumaku kanthi apik. Weneh bimbingan marang siswa sajrone kagiyatan ndudut materi.

Jlentrehan Dhata Tindakan Siklus II

Ing jlentrehan dhata tindakan siklus II iki, panaliti bakal ngandarake rencana tindakan Siklus I, tindakan Siklus II, kegiyatan awal, kegiyatan inti, lan kegiyatan panutup.

Ngrencanakake Tindakan Siklus II

Kayata ing panlitien siklus I, sadurunge ngenekake tindakan panlitien siklus II, panliti i nyusun rencana pamulangan mata pelajaran basa Jawa materi nulis naskah drama lumantar rubrik Cekak majalah Panjebar Semangat. Rencana tindakakn ing siklus II adhedhasar refleksi siklus I lan saperangan revisi bakal katindakake ing pamulangan siklus II.

Sajrone nyiyapake pamulangan siklus II panliti uga gawe lembar evaluasi lan lembar pengamatan. Lembar evaluasi isine ngenani soal penugasan gawe naskah drama lan soal-soal kang cundhuk karo materi nulis naskah drama. banjur lembar observasi minangka lembar pambiji observer (*pengamat*) tumrap pamulangan. Lembar observasi, isine pengamatan tumrap katrampilan guru sajrone pamulangan kang nerangake tata cara guru mulang materi nulis drama lumantar rubrik Cekak majalah Panjebar Semangat lan aktivitas siswa sajrone pamulangan. Panliti uga nyepakake sumber belajar, yaiku majalah Panjebar Semangat.

Tindakan Siklus II

Kalaksanane tindakan ing siklus II iki, katindakake ing SMPN I Gondang Tulungagung. Tindakan pamulangan siklus I katindakake ing dina Kamis, 14 Oktober 2015 kanthi alokasi wektu 2 x 40 menit utawa rong jam pamulangan. Kagiyanan pamulangan sajrone siklus II kajlentrehake ing ngisor iki.

Kagiyanan Awal

Sajrone kagiyanan awal iki, guru nyiapake siswa kanthi ngutus salah sawijining wakil siswa nyiapake, banjur ngajak ndonga, guru banjur nindakake apresepsi, weneh motivasi, lan ngandharake tujuwan pamulangan. Sajrone apresepsi, guru tekon marang siswa “*Bocah-bocah sapa sing sing ngerti apa kang diarani naskah drama kuwi?*”

Kagiyanan Inti

Sadurunge miwiti kagiyanan inti guru takon marang siswa ngenani saperangan maslah kang ditemoni ing siklus I. siswa banjur ngandharake kakurangan kang dialami ing pamulangan siklus I. guru banjur miwiti pamulangan siklus I kanthi nekanake marang perkara kang dianggep angel dening siswa. Guru banjur nindakake proses tanya jawab, andharan materi, penugasan, lan evaluasi. Guru ngandharake materi ngenani naskah drama ing wiwit kagiyanan,

banjur guru aweh pitakonan marang siswa ngenani materi nulis naskah drama, sabanjure kuwi guru merang siswa ing 5 klompok kang saben klompok kaperang saka 5-6 siswa. Saben klompok diwenehi majalah Panjebar Semangat lan LKS minangka bahan kanggo nindakake kagiyatan dhiskusi. Guru banjur weneh paduan utawa tata cara nggarap tugas kasebut. Saben bocah ing saklompok gawe sanaskah drama. siswa ing klompok kang oleh biji paling apik bakal dadi sutradara klompok. Kanthi bimbingan guru siswa ngrembug babagan tugas lan nggarap tugas kang diwenehake dening guru. Siswa lan guru banjur bareng-bareng ngrembag asil tugase siswa. Siswa nggarap latihan soal kanthi individu. Guru weneh panghargyan kanthi individual lan klompok.

Kagiyatan konfirmasi, yaiku siswa diwenehi kalodhangan nekokake materi kang durung dingerten. Guru weneh umpan balik lan penguatan marang asil kerjane siswa. Siswa lan guru bebarengan gawe dudutan kathi cara guru gawe refleksi ngenani pamulangan kang wis katindakake.

Kagiyatan Panutup

Ing kagiyatan panutup iki, guru weneh umpan balik kanthi weneh saperangan pitakonan lan weneh perkara kang bisa dirampungake siswa sabubare kuwi guru bebarengan karo siswa weneh dudutan tumrap materi. Guru weneh kuis ngenani materi kang wis disinaoni siswa. Siswa bebarengan karo guru nindakake refleksi. Guru nutup pamulangan lan weneh apresiasi kanthi tepuk tangan bebarengan siswa.

Asil Pasinaon Katrampilan Nulis Naskah Drama Siswa

Asi pasinaon arupa katrampilan nulis naskah drama lumantar rubrik Cerita Cekak majalah Panjebar Semangat ing kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung ing siklus II diolehake asil sajrone proses pamulangan.

Asil pasinaon nulis teks drama ing tabel 4.6 kasebut, cacahe biji rata-rata siswa, yaiku 80,9 kanthi prosentase ketuntasan cacah 81,5%. Cacahe ana 22 siswa kang bijine kasil nggayuh KKM, yaiku 75. Banjur siswane 5 siswa durung bisa ngasilake biji 75 saengga patbelas siswa kasebut kalebu ing prosentase siswa kang ora tuntas.

Ing indikator pambiji dhialog lan tema, siklus II siswa kasil ngolehake cacah skor 95, kanthi rata-rata 3.5 ateges siswa kalebu ing kategori apik. Dhialig dikembangake kanthi ekspresi penokohan paraga saben paraga nggunakake style lan diksi kang apik sarta tema adhedhasar karo rubrik cerita cekak, ananging isih ana 5 siswa kang kurang kreatif anggone nggawe dhialog lan ekspresi paragane isih kurang logis.

Ing indikator paraga, siswa kasil ngolehake total skor 81 kanthi rata-rata 3, ateges siswa kalebu ing kategori apik. Ekspresi penokohan katon linear lan salaras karo karakter paraga kang logis.

Ing aspek latar, siswa kasil ngolehake skor total 86 kanthi rata-rata 3,2 lan kalebu ing kategori apik. Saperangan gedhe siswa apik anggone nggawe latar,

teks samping, nada, , lan swasana kang dikembangake kanthi kreatif tanpa metu saka tema.

Aspek alur, kasil ngolehake skor total 86 kanthi rataOrata skor 3,2 lan kalebu ing kategori “apik”. Saka naskah drama siswa dingerten menawa medhan konflik kang ndandani urut-urutane crita katon logis lan runtut.

Ing aspek amanat, siswa kasil ngolehake skor total cacah 89 kanthi rata-rata 3,3 kategori “apik”. Naskah drama siswa katon apik anggone ngandharake nganai amanat. Nanging isih ana saperangan siswa sajrone naskah dramane ora ngandharake ngenani amanat. Naskah drama kasebut wujude mung naskah drama lucu.

Adhedhasar jlentrehan ing saben aspek kasebut, dingerten menawa sajrone nulis naskah drama siswa kelas VIII F lumantar rubrik Cerkak majalah Panjebar Semangat, kasil nggayuh prosentase ketuntasan klasikal kang katemtokake yaiku $> 80\%$, kanthi ngolehake prosentase ketuntasan cacah 81,5% ing siklus II.

Observasi Siklus II

Asil Pengamatan ing silus II iki kaperang saka asil pengamatan katrampilan guru, aktivitas siswa, lan katrampilan nulis naskah drama siswa kelas VIII F SMPN I Gondang Tulungagung. Luwih cethane kaandharake kaya ing ngisor iki.

Katrampilan Guru sajrone Ngelola Pamulangan

Adhedhasar asil pengamatan langsung kanthi lembar observasi kang wis katindakake dening observer nalika pamulangan, guru sajrone ngelola pamulangan nulis naskah drama lumantar rubrik Cerkak majalah Panjebar Semangat.

Katrangan:

- 1 = Mbukak pelajaran kanthi weneh apresepsi (ketrampilan mbukak pelajaran)
- 2 = Ngandharake tujuwan pamulangan (ketrampilan mbukak pelajaran)
- 3 = Nerangake materi teges, unsur instrinsik, lan isi naskah drama (ketrampilan ngandharake materi)
- 4 = Ngandharake pitakonan marang siswa ngenani materi naskah drama, kang kaperang saka teges, unsur instrinsik, lan isi naskah drama (ketrampilan tekon)
- 5 = Nggawe klompok dadi 6 klompok kanggo nggarap lembar kerja (ketrampilan mulang klompok silik lan individu)
- 6 = Nggunakake rubrik Cerita Cekak majalah Panjebar Semangat sajrone pamulangan (ketrampilan ngenekake variasi)
- 7 = Nyeluk lan nerangake rubrik kang bakal digawe naskah drama marang ketua klompok (ketrampilan mulang klompok silik lan individu)
- 8 = Weneh bimbingan marang siswa ing kagiyatan dhiskusi nggarap Guru weneh bimbingan marang klompok ngenani tata cara nggarap tugas. Guru nerangake marang siswa menawa siswa kanthi narasi/

- teks drama kang paling apik bakal oleh hadiah, yaiku bakal dadi sutradara ing kegiyatan pemulangan sabanjure. (ketampilan mulang klompok silik lan individu)
- 9 = Weneh evaluasi asil pasinaon ngenani materi drama (ngelola kelas)
- 10 = Weneh bebungah marang asil kerja klompoke siswa (ketampilan weneh penguatan)
- Asil pengamatan katampilan guru sajrone pamulangan nulis naskah drama ing siklus II, yaiku 36 kanthi prosentase 90 %. Asil analisis kualitatif ing ndhuwur ngenani katampilan guru kalebu sajrone kategori apik, nanging apike ana ing taraf ngisor. Asil observasi katampilan guru sajrone pamulangan nulis naskah drama lumantar rubrik *Cerkak* majalah Panjebar Semangat ing tabel 4.4 kanthi cetha bakal kajlentrehake ing ngisor iki.
- (1) Mbukak pelajaran kanthi weneh apresepsi
Katrampilan guru sajrone mbukak pamulangan kasil ngolehake skor. Apresepsi kang katindakake wis trep karo materi, narik kawigatenguru uga weneh motivasi marang siswa supaya gawe siswa luwih semangat lan apresepsi durung cundhuk karo kahanane siswa.
 - (2) Ngandharake tujuwan pamulangan
Sajrone indhikator ngandharake tujuwan pamulangan, guru oleh skor 4. *Deskriptor* kang twuh ing indhikator iki, yaiku tujuwan wis trep karo ndikator pamulangan lan tujuwan pamulangan wis cetha. Guru banjur nulisake tujuwan pamulangan ing blabak lan guru weneh pitakonan marang siswa gegandhegan marang andharan tujuwan kasebut.
 - (3) Nerangake materi teges, unsur instrinsik, lan isi naskah drama
Sajrone indhikator nerangake materi teges, unsur instrinsik, lan isi naskah drama saka kapapat *deskriptor* kang ana. Guru sajrone indicator iki katon ngandharake materi adhedhasar RPP lan anggone ngandharake materi guru nganggo basa kang gampang dingerten dening siswa. Guru uga mngunakake tuladha utawa gambaran kanggo nggampangake materi lan guru weneh penekanan ing materi kang wigati. Saengga ing indhikator iki guru kasil ngasilake skor 4.
 - (4) Ngandharake pitakonan marang siswa ngenani materi naskah drama, kang kaperang saka teges, unsur instrinsik, lan isi naskah drama.
Sajrone indhikator iki, guru kasil ngolehake skor 3, guru katon ngandharake pitakonan kanthi jelas lan cetha lan anane pathokan nalika weneh pitakonan. Banjur guru uga nindhahake giliran marang siswa kanggo mangsuli. Nanging guru ora menehi wektu marang siswa supaya bisa mikir lan guru.
 - (5) Nggawe klompok dadi 6 klompok kanggo nggarap lembar kerja
Katrampilan guru sajrone indhikator nggawe klompok dadi 6 klompok kanggo nggarap lembar kerja iki kasil ngolehake skor 4.sajrone pamulangan siklus II katon guur weneh bimbingan sajrone nggawe klompok, guru nglompokake siswa dadi 6 klompok kang heterogen, guru banjur ngatur panggonan lungguh siswa supaya anggone klompok siji lan liyan eora rebutan, guru uga nemtokake tugas marang siswa adhedhasar klompoke.
 - (6) Nggunakake rubrik Cerita Cekak majalah Panjebar Semangat sajrone pamulangan
Sajrone indhikator iki, katampilan guru nggunakake rubrik Cerita Cekak majalah Panjebar Semangat sajrone pamulangan kasil ngolehake biji 4. Guru nampilake rubric kang cundhuk karo materi pamulang, guru nampilake rubric kang disenengi siswa, guru banjur nerangake gunanae rubric Cekak, supaya luwih cetha guru weneh penakanan marang perangan rubric Cekak kang penting kanggo gawe naskah drama.
 - (7) Nyeluk lan nerangake rubrik kang bakal digawe naskah drama marang ketua klompok
Padha karo asil pamulangan ing siklus I, katampilan nyeluk lan nerangake rubrik kang bakal digawe naskah drama marang ketua klompok, ing siklus II indhikator iki, guru kasil ngolehake skor 3. *Deskriptor* kang tuwu, yaiku guru nyeluk ketua klompok supaya maju ing ngarep kelas kanggo ngrungokake andharan ngenani rubrik, guru nerangake rubrik kang bakal dienggo sumber belajar marang ketua klompok, lan guru ngandharake materi kanthi cetha lan nganggo basa kang gampang dingerten siswa. Banjur ana *sadeskriptor* kang ora tuwu, yaiku guru ora nerangake kanthi weneh tuladha utawa conto.
 - (8) Weneh bimbingan marang siswa sajrone kagiyatan dhiskusi
Sajrone indhikator iki, ana 4 deskritor kang katon saka proses pamulangan, yaiku guru nerangake tata aturan kerja ing kagiyatan klompokan lan guru weneh motivasi maranga siswa supaya bisa kerja bebarengan sajrone klompoke. Kapapat dheskriptor kasebut katon tuwu ing pamulangan siklus II. Guru nerangake tata aturan kerja ing kagiyatan klompok, guru weneh motivasi marang siswa suaya kerja bebarengan klompoke, guru uga weneh kalodhangan marang siswa kang pngin weneh pamawase, guru banjur weneh bimbingan marang siswa kang kurang cetha.
 - (9) Weneh evaluasi asil pasinaon ngenani materi drama
Sajrone indhikator iki guru kasil oleh skor 3. Koton sajrone pamulangan guru weneh pengauatan marang siswa arupa tembung lan ukara pepujen, guru uga weneh acungan jempol lan keplokan tangan marang siswa, guru nyedhaki siswa kanthi tujuwan weneh penguatan marang siswa arupa kawigaten.
 - (10) Weneh panghargyan marang asil kerja klompoke siswa
Sajrone indicator iki, guru mung kasil ngolehake skor 3, amarga sajrone weneh dudutan guru ora weneh evaluasi adhedhasar tingkat kapinteran siswa. Guru mung weneh evaluasi cundhuk karo materi, weneh dudutan inti pamulangan, lan weneh wektu kanggo siswa supaya mikir kang salaras karo evaluasi.

Pengamatan Aktivitas Siswa sajrone Pamulangan

Asil pengamatan tumrap aktivitas siswa sajrone proses pamulangan siklus II kaandharake kanthi prosentase aktivitas ing tabel ngisor iki. Dhata asil observasi aktivitas siswa diolehake saka pengamatan marang siswa sasuwene nindakake kagiyanan pamulangan. Cacahe siswa kang diamati, yaiku 27 siswa.

Asil observasi aktivitas siswa ing siklus II, nuduhake cacahe skor kang diolehake sekabehane siswa, yaiku 593 kanthi rata-rata skor 22 lan kalebu ing kategori cukup “apik”. Skor kanggo saben indhikator bakal kaandharake kanthi luwih miligi ing ngisor iki.

(1) Nyiapake diri ing kagiyanan pamulangan

Indhikator nyiapake diri sajrone pamulangan ngolehake biji rata-rata 3,9 kanthi jumlah skor 104. Cacahe ana 23 siswa kang kasil ngolehake skor 4 lan ana 4 kang ngolehake skor 3.

(2) Ngrungokake lan nggatekake andharane guru ngenani ragam basa krama

Sajrone indhikator iki ana 4 siswa ngolehake skor 2, lan ana 12 siswa kang ngolehake skor 3. Banjur ana 11 siswa kang kasil ngolehake skor 4. Biji rata-rata kang kasil digayuh siswa, yaiku 3,3 kanthi jumlah skor 88.

(3) Tekon lan mangsuli pitakonan saka guru

Cacahe ana 6 siswa kang oleh biji 2, lan ana 18 siswa kang oelh skor 3, sarta ana 3 siswa kang oleh skor 4. Saengga sajrone indhikator iki, biji kang diolehake siswa yaiku 78 kanthi rata-rata biji 2,9.

(4) Gawe klompok karo siswa liyane

Sajrone indhikator gawe klompok karo siswa liyane, siswa kasil ngolehake biji rata-rata 3,1 kanthi jumlah skor 84. Cacahe ana 5 siswa kang oleh skor, 14 siswa oleh skor 3, lan ora 8 siswa kang oleh skor 4.

(5) Ketua klompok nemoni lan mirengake andharan saka guru ngenani rubrik kang bakal digawe naskah drama

Indhikator ketua klompok nemoni lan mirengake andharan saka guru ngenani rubrik kang bakal digawe naskah drama ngolehake jumlah skor 76 kanthi rata-rata 2,8. Cacahe ana 1 siswa kang oleh skor 1, ana 7 siswa kang ngolehake skor 2, ana 15 siswa kang ngolehake skor 3, lan ana 4 siswa kang ngolehake skor 4.

(6) Dhisiki karo kanca liyane, nggarap tugas klompok nyusun naskah drama lumantar rubrik Cerita Cekak.

Aktivitas siswa sajrone indhikator iki ngolehake jumlah skor 78 kanthi biji rat-rata 2,9. Saka 27 siswa, cacahe ana 7 siswa kang oleh skor 2, ana 16 siswa kang oleh skor 3, la nana 4 siswa kang oleh skor 4.

(7) Weneh dudutan tumrap materi pamulangan lan nindakake evaluasi.

Sajrone indhikator iki, aktivitas siswa sajrone pamulangan nulis naskah drama lumantar rubrik Cerita Cekak siswa kasil ngolehake rata-rata skor 3,1 kanthi cacahe skor 85. Cacahe ana 4 siswa kang oleh skor 2, ana 15 siswa kang oleh skor 3, lan ana 8 siswa kang ngasilake skor 4.

Refleksi Siklus II

Adhedhasar andharan asil observasi lan asil pasinaon siswa ing siklus II,. Kakurangan-kakurangan sajrone siklus I bisa dirampungake ing siklus II, luwih jangkepe ngenani kakurangan ing siklus I lan undhak-undhakan kang luwih becik ing siklus II kaya mangkene.

(1) Guru anggone weneh motivasi isih kurang ana ing pamulangan siklus I, ing siklus II wis katon menawa guru weneh motivasi arupa gegambaran singkat ngenani pentinge basa Jawa kanggo generasi enom Jawa lan mligine siswa.

(2) Guru kang kurang nggatekake siswa kang kurang paham ing siklus I, sajrone siklus II kawigaten guru marang siswa tambah apik kanthi weneh pitakonan marang siswa kang dirasa kurang paham lan ngandharake materi maneh supaya siswa cetha.

(3) Penyajian materi kang kurang narik kawigatene siswa ing siklus I diowahi guru kanthi ngandharake materi kanthi conto langsung kang dijupuk saka dirine siswa. Saengga pamulangan ngandharake materi katon bisa nyenengake lan narik kawigaten siswa.

Adhedhasar observasi 10 indikator katrampilan guru ing siklus II diolehake skor 36 kanthi kategori “apik banget”. Katon guru luwih weneh akeh motivasi marang siswa supaya siswa luwih wigati marang pamulangan lan mligine materi crita.

Aktivitas siswa uga ngalami owah-owahan ngarah ing kabecikan. Saperangan siswa konsentrasi lan nggatekake andharan guru kanthi apik. Siswa kang sadurunge kurang semangat lan ora nggatekake andharan guru. Adhedhasar asil observasi aktivitas siswa sasuwene pamulangan siklus II diolehake 7 indikator aktivitas siswa, sajrone kapitu aktivitas kasebut ngolehake skor rata-rata cacah 22 kalebu ing kategori “apik”.

Asil pasinaon siswa ing siklus II ngolehake prosentase ketuntasan klasikal cacah 81,5%, cacah kasebut isih wis kasil nggayuh prosentase ktuntasan klasikal kang cacahe $>80\%$. Saengga ora perlu katindakake panliten lanjutan ing siklus III. Adhedhasar dhiagram skor pambiji katrampilan nulis naskah drama ing kelas VIII F SMPN 1 Gondang asil pasinaon siswa sajrone katrampilan nulis naskah drama kalebu ing criteria “tuntas”.

Adhedhasar jlentrehan dhata kasebut, bisa diarani menawa nulis naskah drama ing kelas VIII F SMPN 1 Gondang ing siklus II ngalami undhak-undhakan lan kalebu ing kategori “apik”. Mula saka kuwi ora prelu katindakake panliten maneh ing siklus sabanjure.

Andharan

Andharan panliten iki ing antarane yaiku andharan ngenani dhesripsi proses pamulangan katrampilan nulis naskah pribadi, undhak-undhakan aktivitas guru jroning pamulangan katrampilan nulis naskah drama, undhak-undhakan aktivitas siswa sajrone pamulangan katrampilan nulis naskah drama, lan undhak-undhakan katrampilan nulis naskah drama


siswa, sarta implikasi saka panliten iki. Luwih jangkepe kaya mangkene.

Rekapitulasi Undhak-undhakan Aktivitas Guru

Undhak-undhakan aktivitas guru sajrone pamulangan katrampilan nulis naskah drama siswa kelas VIIIF SMPN 1 Gondang Tulungagung lumantar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat sajrone panliten iki kaandharake wiwit saka tindakan siklus I lan ing tindakan siklus II.

Undhak-undhakan aktivitas guru bisa kaandharake sajrone grafik ing gambar iki.

Grafik Akktivitas Guru




Grafik Undhak-undhakan Aktivitas Guru

Bisa dimangerteni menawa anane undhak-undhakan aktivitas guru sajrone pamulangan siklus I lan siklus II. Sajrone siklus I guru kasil ngolehake jumlah skor 22 kanthi rata-rata 2,2 kategori "cukup" sarta prosentase cacah 55%. Banjur ing siklus II kasil ngolehake jumlah skor cacah 36, kanthi rata-rata skor 3,6 kategori "apik banget" lan prosentase cacah 90%.

Rekapitulasi Undhak-undhakan Aktivitas Siswa

Undhak-undhakan aktivitas siswa sajrone pamulangan katrampilan nulis naskah drama siswa kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung lumantar rubrik Cekak ing majalah Panjebar Semangat ing panliten iki kaandharake wiwit saka tindakan siklus I lan ing tindakan siklus II. Undhak-undhakan aktivitas siswa bisa kaandharake sajrone grafik ing ngisor iki.

Grafik Akktivitas Siswa



Grafik Undhak-undhakan Aktivitas Siswa

Adhedhasar tabel 4.9 lan grafik 4.4 dingertenii menawa aktivitas siswa nuduhake jumlah skor ing sekabehe indikator siklus I yaiku 364 kanthi rata-rata skor 13,4 kategori "cukup" lan prosentase cacah 48%. Banjur ing siklus II kasil ngolehake cacah skor 593 kanthi rata-rata skor 22 kategori "apik" lan prosentase

cacah 75%.

Undhak-undhakan skor sajrone aktivitas siswa amarga katindakake refleksi lan owah-owahan ing saben siklus, sarta anane undhak-undhakan kang sarupa tumrap aktivitas guru kang weneh pangaribawa tumrap undhak-undhakan aktivitas siswa. Bab kasebut ateges nindakake perenungan ngenani aktivitas kang wis katindakake, banjur ndadekake asil perenungan kasebut minangka kaca tumrap aktivitas-aktivitas sabanjure (Poerwanti, 2008:7.1).

Rekapitulasi Undhak-undhakan Katrampilan Nulis Naskah Drama Siswa


Undhak-undhakan katrampilan nulis naskah drama siswa kelas VIIIF SMPN 1 Gondang Tulungagung ing panliten iki kaandharake wiwit saka prasiklus, siklus I, lan ing siklus II.

Asil pasinaon siswa sajrone pamulangan katrampilan nulis naskah drama. Sajrone kagiyatan prasiklus katrampilan nulis naskah drama siswa ngolehake total biji 1595 kanthi rata-rata biji siswa 59,07. Sajrone pamulangan siklus I sawise dienekekake pamulangan lumantar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat asil pasinaon siswa ngolehake jumlah biji cacah 1795 kanthi rata-rata biji kang diolehake siswa cacah 66,5. Sajrone siklus II kanthi anane owah-owahan sajrone pamulangan, katrampilan siswa kasil ngolehake jumlah biji cacah 2185 kanthi rata-rata biji saben siswa 81,5. Supaya bisa ndeleng kanthi jelas saperangan gedhe undhak-undhakan asil pasinaon siswa nalika proses pamulangan sajrone nulis naskah drama antar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat. Luwih jangkepe bisa dideleng saka tabel lan grafik iki.

Rekapitulasi Undhak-undhakan Asil Pasinaon Katrampilan Nulis Naskah Drama Pra Siklus, Siklus I, lan Siklus II

No.	Uraian	Prasiklus	Siklus I	Siklus II
1.	Nilai rata-rata tes	59,07	66,5	81,5
2.	Cacah siswa kang tuntas	9	14	22
3.	Cacah siswa kang ora tuntas	18	13	5
4.	Persentase katuntasan klasikal	33%	51,9%	81,5%

Bisa dingertenii menawa asil pasinaon siswa sajrone katrampilan nulis naskah drama ing prasiklus ngolehake prosentase ketuntasan klasikal cacah 33%, sajrone siklus I mundhak dadi 51,9% kanthi cacahe 14 siswa kang tuntas, pungkasane ing siklus II kasil ngolehake prosentase katuntasan klasikal cacah 81,5% kanthi cacah 22 siswa kang kalebu ing kategori tuntas. Luwih jangkepe bisa dideleng ing grafik ngisor iki.



Grafik Undhak-undhakan Katrampilan Nulis Naskah Drama Siswa

Adhedhasar andharan ngenani asil tes katrampilan nulis naskah drama siswa kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungaung ing ndhuwur bisa dingertenin menawa asil pasinaon siswa ing katrampilan nulis naskah drama lumantar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat kasil mundhak kanthi undhak-undhakan kang signifikan, yaiku 33% ing prasiklus, 51,9% ing siklus II, lan 81,5% ing siklus II.

Implikasi Asil Panliten

Panliten kang katindakake nuduhake menawa katrampilan nulis naskah drama lumantar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat ing kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung ngalami undhak-undhakan. Saliyane katrampilan nulis naskah drama siswa, aktivitas siswa lan katrampilan guru uga mundhak. Undhak-undhakan kasebut bisa kaandharake saka asil observasi kang katindakake ing siklus I lan siklus. Menawa dumadi undhak-undhakan katrampilan guru, aktivitas siswa, lan katrampilan nulis naskah drama siswa. Mula saka kuwi, saperangan implikasi asil panliten kasebut, ing antarane yaiku.

Sajrone proses pamulangan katrampilan nulis naskah drama lumantar rubrik Cekak ing majalah Panjebar Semangat, nuwuhake swasana pasinaon kang tentrem, lan nyenengake. Bab iki weneh peluwang marang siswa aktif, wani, semangat, lan sregep anggone sinau. Panganggone rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat ing panliten iki, kanthi ora langsung lan langsung oleh panghargyan lan pengakuan saka guru kanthi penguatan-penguatan. Pamulangan kanthi panganggone rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat diwiwiti kanthi kagiyatan apresiasi kang nuwuhake motivasi siswa kanthi weneh geguyongan ngenani pitakonan gegayuhane siswa kang digandhengake karo materi.

Panganggone rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat ing panliten iki, njalari siswa ora kaku sajrone nulis naskah drama. Sajrone pamulangan sadurunge kanthi cara konvensional, pamulangan nulis naskah drama katon malehi amarga kurange ekspresi siswa sajrone kagiyatan nulis lan kurang ngertine siswa ngenani materi drama, sawise ditindakke pamulangan rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat iki,

siswa katon seneng mligine karo kagiyatan dhiskusi. Mula saka kuwi pangetrapan rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat iki bisa nuwuhake rasa gampang lan remene siswa nyinaoni basa Jawa, mligine ana ing materi drama.

Mula saka kuwi asil panliten iki, bisa diimplisikake sajrone telung perangan impikasi, ing antarane yaiku:

Implikasi Teoritis

Panliten iki bisa nambah ngelmu pengetahuan sajrone bidhang panliten tindakan kelas (PTK) kang katindakake ing Sekolah Menengah Pertama (SMP). Asil panliten iki bisa dadi sumber pamulangan kanggo guru sajrone ngembangake metodhe pamulangan basa Jawa ing SMP.

Implikasi Praktis

Panliten iki weneh kontribusi kango guru, siswa, lan sekolah. Guru bisa ngembangake wawasan ngenani katrampilan mulang sajrone proses pamulangan. Saliyane kuwi, asil panliten iki bisa dadi referensi kanggo guru ngembangake metodhe pamulangan kang narik kawigaten siswa. Lumantar pengembangan kretaivitas sajrone ngetrapake sumber pasinaon pamulangan kang nyenengake, mula sekolah bakal dadi wahana pasinaon kang bisa nuwuhake generasi kang apik

Implikasi Pedagogis

Panliten iki weneh gegambaran menawa undhak-undhakan kompetensi sajrone pamulangan dipangaribawani dening guru, aktivitas siswa, katrampilan siswa, metodhe pamulangan, lan sumber pasinaon. Faktor-faktor kang kinandhut sajrone sawijining pamulangan bisa dikembangake saengga bisa nggayuh tujuwan pamulangan kang maksimal salaras karo tujuwan kang dikarepake.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar jlentrehan lan andharan dhata, undhak-undhakan katrampilan nulis naskah drama kanthi metodhe dhiskusi lumantar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat tumrap siswa kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung bisa didudut kaya mangkene:

Katrampilan guru sajrone pamulangan katrampilan nulis naskah drama kanthi metodhe dhiskusi lumantar rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat tumrap siswa kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung ing siklus I ngolehake skor 22 kanthi kategori “cukup”. Sajrone siklus II ngolehake skor 36 kanthi kategori “apik banget”.

Aktivitas siswa sajrone siklus I kasil ngolehake jumlah skor 364 kanthi rata-rata 13,4 kategori “cukup” sarta prosentase cacah 48%. Banjur ing siklus II kasil ngolehake jumlah skor cacah 593, kanthi rata-rata skor 22 kategori “apik” lan prosentase cacah 78%.

Asil pasinaon katrampilan nulis naskah drama kanthi metodhe dhiskusi lumantar rubrik Cerkak ing

majalah Panjebar Semangat tumrap siswa kelas VIII F SMPN 1 Gondang Tulungagung ing prasiklus ketuntasan pasinaon ngancik angka 33% biji rata-rata 59,1 , ing siklus I dadi 51,9%, kanthi biji rata-rata 66,5, lan prosentase ketuntasan sajrone siklus II yaiku 81,5% kanthi biji rata-rata 80,1.

Saran

Adhedasar asil panliten lan dudutan ing ndhuwur, saran sajrone panliten iki, yaiku:

Kanggo Guru

Guru dikarepake bisa ngecakake sumber pamulangan kang efektif kayata rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat ing mata pelajaran liyane, utawa materi liyane lan bisa ngembangake medhia kasebut amarga efektif lan efisien dienggo sajrone pamulangan.

Kanggo Siswa

Siswa dikarepake bisa luwih semangat sajrone kagiyanan pamulangan, mligine kagiyanan pamulagan kang nggunakake sumber pamulangan, medhia lan modhel pamulangan, sarta teknik pamulangan kang nyenengake kayata panganggone sumber pamulangan arupa rubrik Cerkak ing majalah Panjebar Semangat.

Kanggo Sekolah

Saran kanggo sekolah, dikarepake bisa weneh pambiyantu marang guru kanthi cara ngenekake pelatihan guru ngenani sumber pamulangan kang efektif lan inofatif. Saliyane kuwi ngakehi cacahe sumber pamulangan kang aplikatif utamane sumber pamulangan sajrone mata pelajaran basa Jawa. Tuladhané kayata panganggone sumber pamulangan sajrone pamulangan mata pelajaran ing sekolah supaya bisa luwih aplikatif.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2008. *Dasar-Dasar Evaluasi Pendidikan*. Jakarta: Bumi Aksara
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Bagyo, Thomas. 2004. Peningkatan Keterampilan Menulis Naskah Drama dengan Teknik Modeling pada Siswa Kelas IV D SD Bernardus Semarang. Skripsi: Unnes
- Basir, Udjang. 2010. *Sosiolinguistik Pengantar Kajian Tindak Berbahasa*. Surabaya: Bintang
- Depdiknas. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai pustaka
- Djumiringin, Sulastriingsih. 2004. *Bahan Ajar Pengajaran Prosa Fiksi dan Drama*. Makassar: Universitas Negeri Makasar
- Endraswara, S. 2011. *Pembelajaran Drama*. Yogyakarta: CAPS
- Hariyanto, Ayu. 2011. *Peningkatan Kemampuan Menceritakan Kembali Isi Naskah Drama Melalui Metode Sosiodrama Kelas IV SDN*

Loderesan Tulungagung. Malang: Universitas Negeri Malang

Kosasih. 2012. *Dasar-dasar Keterampilan Bersastra*. Bandung: Yrama Widya

Luxemburg, Jan Van, dkk. 1984. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia

Rosadi, I.P.A.P, dkk. 2014. *Penggunaan Naskah Cerita Rakyat Bali untuk Meningkatkan Kemampuan Menulis Naskah Drama Pada Siswa Kelas XI Bahasa SMA Negeri 1 Mendoyo* (e-journal). Singaraja: Universitas Pendidikan Ganesha Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia

Sugiyono. 2006. *Metode Penelitian Pendidikan (Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif dan R&D)*. Bandung: Alfabeta

Syamsudin dan Vismaya S. Damaianti. 2009. *Metode Penelitian Pendidikan Bahasa*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

Tarigan, Henry Guntur. 1VIII 86. *Menulis Sebagai Suatu Ketrampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa

Waluyo, H.J. 2001. *Drama Teori dan Pengajarannya*. Yogyakarta: PT Hanindita Graha Widya.

Wanpisata. 2013. *Peningkatan Apresiasi Drama Siswa Melalui Penerapan Metode Kolaborasi Di Kelas XI IPS 1 Sma Plus Negeri 7 Bengkulu*. Bengkulu: Universitas Bengkulu

Winingsih Rini. 2011. *Peningkatan Keterampilan Menulis Naskah Drama dengan Media Boneka (Stick Wayang Orang) pada Siswa Kelas VIII B SMPN 2 Sentolo*. Fakultas Bahasa Dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta: Yogyakarta

Yudelin Novelan 2013 *Penerapan Media Lagu untuk Meningkatkan Pembelajaran Menulis Naskah Drama (Penelitian Kelas terhadap Siswa Kelas XI SMA Negeri 5 Cimahi Tahun Ajaran 2012/2013)*. Universitas Negeri Indonesia